**O`ZBEKSTAN RESPUBLİKASI XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**A`JİNİYaZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKA İNSTİTUTI**

**TARİYX FAKUL`TETİ**

**TARİYX KAFEDRASI**

**4 A KURS TARİX BAKALAVR TA`LİM BAG`DARI TALABASI GULİMBETOVA DİL`FUZA**

# «A`MİWDA`R`Ya DEL`TA ALABINDAG`I TARİYXIY ESTELİKLERDİN` İZERTLENİW TARİYXI (B.E.Sh. III-II MIN` JILLIQLAR)»

**PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI**

**İlimiy basshı: ag`a oqıtıwshı J.Turmanov**

No`kis - 2014

Pitkeriwshi talaba Gulimbetova Dil`fuzanın` «A`miwda`r`ya del`ta alabındag`ı tariyxıy esteliklerdin` izertleniw tariyxı (B.e.sh. III-II mın` jıllıqlar» temasındag`ı bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumısı tariyx kafedrasının` 2014 jıl ___may ku`ngi ____-sanlı protokolı menen ma`mleketlik attestatsiya komissiyasına qorg`awg`a jiberiwge usınıs etildi.

**Tariyx kafedrası baslıg`ı: A.Sarıbaev**

Pitkeriwshi talaba Gulimbetova Dil`fuzanın` «A`miwda`r`ya del`ta alabındag`ı tariyxıy esteliklerdin` izertleniw tariyxı (B.e.sh. III-II mın` jıllıqlar» temasındag`ı bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumısı 2014 jıl ____-may ku`ngi institut rektorının` –sanlı buyrıg`ı menen ma`mleketlik attestatsiya komissiyasına qorg`awg`a jiberildi.

Ma`mleketlik attestatsiya komissiyasının` qararı menen Gulimbetova Dil`fuzanın` bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumısı ______ ballg`a bahalandı.

## MAZMUNI:


**Kirisiw ………………………………………………………………... 4**

**I bap: Orta Aziya xalıqlarının` B.e.sh. III-II mın` jıllıqlardag`ı tariyxın izertlew tariyxnaması …………………. 14**

**1.1. Orta Aziya xalıqlarının` tariyxın u`yreniwdegi arxeologiyalıq izertlewlerdin` a`hmiyeti ……………………… 14**

**1.2. Tariyxıy arxeologiyalıq esteliklerdin` izertleniwi ……….. 22**

**II bap: O`zbekstan ha`m Xorezm aymag`ındag`ı bronza a`siri ……………………………………………………….. 31**

**2.1. Bronza a`sirindegi ma`kan jaylandın` izertleniwi ………. 31**

**2.2. Sapallıtepe ma`deniyatının` materiallıq derekleri ………. 43**

**III bap: Qaraqalpaqstan aymag`ındag`ı ma`kan jaylardın` izertleniwi ……………………………………………………. 50**

**3.1. Tariyxıy arxeologiyalıq esteliklerdin` izertleniwi ……….. 50**

**3.2. Ruwxıy ma`deniyatına tiyisli diniy isenimler ……………. 62**

**Juwmaqlaw ……………………………………………………….. 65**

**Paydalang`an a`debiyatlar ………………………………………. 68**

**Qosımshalar ……………………………………………………. 71**

## Kirisiw

O`zbekstan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimov «O`tmishti an`law tariyxtı biliwden baslanadı» – «Tariyx xalıq ma`naviyatının` tiykarıdur» - ha`r qanday tsivilizatsiya ko`pten-ko`p xalıqlar, milletler, elatlar xızmetinin` ha`m na`tiyjeli ta`sirinin` jumısı dep aytqan pikirlerin basshılıqqa alamız.[1]

O`zbekstan Respublikası o`z g`a`rezsizligine eriskennen keyingi xalqımızdın` o`tmish tariyxına ja`ne de qızıg`ıwshılıq artpaqta.

İslam Karimovtın` baslaması menen 9-may «Eslew ha`m qa`dirlew ku`ni» ulıwma xalıqlıq bayram sıpatında o`tkeriledi. G`alaba xabar quralları wa`killeri menen sa`wbetinde «Turmıstın` o`zi bir haqıyqattı qayta-qayta da`lillep bermekte. Yag`nıy, tariyxtı bilmegen, tariyxtı umıtqan, juwmaq shıg`armag`an ha`r qanday insan, ha`r qanday xalıq o`z jolınan adasıwı, bir waqıtları jol qoyg`an qa`telerin ja`ne ta`kirarlawı mu`mkin»[2] degen edi.

O`zbekstan aymag`ındag`ı en` a`yyemgi ha`m orta a`sirdegi xalıqlardın` tariyxın teren`, ilimiy haqıyqıy izertlewge g`a`rezsizlik sharapatı ken` jol ashıp berdi.

**İzertlew temasının` aktuallıg`ı:** Orta Aziya adamzat du`n`yasında ju`da` a`yyemgi waqıtlardan-aq ma`deniyatı rawajlang`an, tariyxı bay ma`kanlardın` biri. İlimpazlardın` pikirinshe Oraylıq Aziyag`a Bronza a`siri b.e.sh. III mın`ınshı jıllıqta baslanadı. İlimpazlardın` pidakerlik miynetleri na`tiyjesinde bu`gin bizler Orta Aziyanın` en` a`yyemgi xalıqlarının` haqıyqıy tariyxın u`yreniw imkaniyatlarına iye bolıp otırmız.

Orta Aziya tariyxın u`yreniwde V.V.Bartol`d, V.M.Mason, S.P.Tolstov, Ya.G.Gulyamov, A.Asqarov, B.G.Gafurov, A.İsakov, G.Xojaniyazov, M.Mambetullaev ha`m t.b. tariyxshı ilimpazlar menen arxeologlar u`lken ilimiy miynetlerin do`retti.[3]

---

[1] И.Каримов «Тарихий хотирасиз келажак йўқ», Тошкент 1998., 7-бет

[2] Ислам Каримов «Еркин Қарақалпақстан» газетасı «Тıнıшлıқ ҳәм турақлıлıқ – барлıқ табıсларıмıз бенен шеклеримиздиң тийкарı» 11-май 2013-жıл., №58-санı

[3] В.В.Бартольд Иран Истор. обзор Т., 1928
В.М.Масон «Первıе цивилизация» Л., 1989
С.П.Толстов «Древний Хорезм» М., 1948

O`z Respublikamızdın` tariyxın u`yrene otırıp, payda bolg`an du`n`ya ju`zlik tariyxqa o`z ta`sirin progresstin` ulıwma g`a`ziynesine materiallıq ha`m ruwxıy baylıqlar qosqanının` gu`wası bolamız.

Orta Aziyanın` Qubla batısında b.e.sh. III mın` jıllıqlarda da`slepki qala tsivilizatsiyasının` qa`liplesiwi baslanadı. Bu`gin en` jaqsı izertlengen estelik «Altın tepe» dep ataladı. O`zbekstan aymag`ındag`ı Bronza da`wir elatlar a`yyemgi esteliklerinin` biri Sapalı tepe ma`kan jayı bolıp esaplanadı. Akademik A.A.Asqarov Sapalı tepe tariyxın anıq izertlegen alım!

Sapalıtepeden alıng`an arxeologiyalıq materiallar og`ada a`hmiyetli xalıqtın` ma`deniyatı ha`m turmısı haqqında qızıqlı mag`lıwmatlar beredi.

Arqa Baqtriyadag`ı son`g`ı bronza da`wirine tiyisli en` u`lken estelik Jerqutan ma`kanı bolıp esaplanadı. 1973-jılı akademik A.Asqarov tarepinen izertlenedi. 1994-jılı bul esteliklerde o`zbek-german ekspeditsiyası jumıs alıp bardı.

Belgili alım S.P.Tolstov 1930-jıldın` ortalarınan baslap Xorezmde ken` ko`lemde arxeologiyalıq izertlew jumısın alıp baradı. Tariyx iliminde jan`alıqlardın` biri «Taza bag`jap ma`deniyatı» b.e.sh. II mın` jıllıqlardın` ortalarında qa`liplesken. Bul ma`kan jaylar Xorezmde tawıp izertlengen sharwashılıq diyqanshılıq penen shug`ıllang`an qa`wimlerdin` ma`deniyatı ilimde Taza bag`jap dep ataladı.[1]

Xorezmde izertlengen son`g`ı bronza da`wir esteliklerinen materiallıq ma`deniyatı arxeologiyada A`mirabad atı menen belgili (B.e.sh. II mın` aqırı I mın` jıllıqlardın` bası).

---

Я.Г.Гулямов «История орошения Хорезма с древнейших времен до наших дней» Т., 1957
А.Асқаров «Сапалıтепе» Т., 1973
Б.Г.Гафуров «Таджики, древнейшая, древняя и средневековая истории» М., 1972
А.Исаков «Хорезм» Душанбе., 1991
Г.Хожаниязов «Фортификация древнего Хорезма» Нукус., 1995
М.Мамбетуллаев., М.Туребеков «Қубла Арал бойı халықларı тарийхıнан» Нөкис., 1998., 1997
[1] М.Мамбетуллаев., О.Юсупов «Қарақалпақстан тарийхı» 1-китап Нөкис., 2002 24-бет

O`zbekstan aymag`ındag`ı bronza a`sir esteliklerin izertlewshi alımlardan A.A.Asqarov, B.N.Abdullaev, T.Sh.Shirinov[1] Qubla O`zbekstannın` b.e.sh. II mın` jıllıqtın` ekinshi yarımında erte qala ma`deniyatının` orayı bolg`anlıg`ın ko`rsetedi.

Orta Aziya sonın` ishinde O`zbekstan aymag`ındag`ı b.e.sh. III-II mın` jıllıqlarda jasag`an a`yyemgi xalıqlardın` ma`kan jaylarının` ilimiy izertleniwi na`tiyjesinde uzaq o`tmish tariyxımızdı tiklewge ha`m onın` negizgi basqıshları haqqında tu`sinik payda etiwge imkaniyat berdi.

Bizin` pitkeriw qa`nigelik jumısımızda aldımızg`a qoyg`an maqset ha`m wazıypamız Orta Aziya, Xorezm ha`m Qaraqalpaqstan aymag`ındag`ı qa`liplesken a`yyemgi xalıqlardın` tariyxın teren` u`yreniw bul temanın` aktual ma`selelerinin` biri.

**İzertlew temasının` maqseti ha`m wazıypaları:** Orta Aziya xalıqlarının` tabiyg`ıy geografiyalıq jaylasqan ornı a`yyemgi waqıtlardan baslap-aq diyqanshılıqtın` rawajlanıwına qolay bolg`an. En` da`slep diyqanshılıq ma`deniyatı Tu`slik Tu`rkmenstan territoriyasında neolit da`wirinin` aqırında qa`liplesedi. Bul aymaq arxeologlar ta`repinen b.e.sh. IV-III mın` jıllıqlarg`a tuwra keledi.[2] O`zbekstan aymag`ındag`ıa`yyemgi diyqanshılıq tarawların izertlewshi alımlar Ya.G.Gulyamov, U.İslamov, A.Asqarov[3] miynetlerinde anıq mag`lıwmatlar berilgen. İlimpazlardın` ishinde S.P.Tolstovtın`, B.V.Andronovtın`, Ya.Gulyamovtın` ilimiy miynetleri u`lken a`hmyietke iye.[4] Xojalıq ha`m ma`deniy rawajlanıw protsessi be.sh. III jıllıqlarda da`slepki qala tsivilizatsiyası qa`liplesedi. En` jaqsı izertlengen esteligi Altın tepe bolıp esaplanadı. Bulardan basqa Namazg`an, Akaudepe, Aqdepe, Tekkesh depe

---

[1] А.А.Асқаров., Б.Н.Абдуллаев Жарқутан (К проблеме протогородской цивилизации на юге Узбекистана) Т., 1983
Т.Ш.Ширинов Средняя Азия во II тıсячилетие д.н.э. протозарастризма НМКУ Т., 2000., 13-36-бетлер
[2] А.Асқаров «Сапалıтепе» Т., 1973
[3] С.П.Толстов «По древним дельтам Окса и Яксарта» М., 1961
[4] А.А.Асқаров., Б.Н.Абдуллаев Жарқутан (К проблеме протогородской цивилизации на юге Узбекистана) Т., 1983

sıyaqlı awıllıq elatlar ken` da`rejede izertlendi. Jarqutan Arqa Baqtriyadag`ı son`g`ı bronza da`wirine tiyisli en` u`lken estelik. Akademik A.A.Asqarovtın` miynetlerinde ko`remiz.[1] A`miwda`r`ya del`ta alabında qa`liplesken Taza bag`jap, Amirabad, ma`deniyatına tiyisli S.P.Tolstov basshılıg`ında izertlengeni anıq.[2] Bul tuwralı ekinshi ekinshi bapta tolıq mag`lıwmat berilgen. Ko`p jıllar dawamında alıp barılıp atırg`an arxeologiyalıq izertlewler Qubla O`zbekstanda 20 aslam Sapalı tepe ma`deniyatına tiyisli estelikler ashıldı,[3] jıynalg`an materiallar o`nermentshiliktin` joqarı rawajlang`anlıg`ınan gu`walıq beredi.

B.e.sh. II mın`ınshı jıllar aralıg`ında Qubla Aral boyındag`ı Kel`teminarlardın` urpaqları aralasıp Suwjarg`an ma`deniyatın payda etken Qonıslı 1-2, Janbas 6, Bazar 1-2, Qawınlı estelikler[4] izertlenip materiallıq ha`m ruwxıy ma`deniyatı tuwralı jazıwg`a mu`mkinshilik berdi.

Orta Aziya, Qubla Aral boyı A`miwda`r`ya del`ta alabında b.e.sh. III-II mın` jıllıqlardın` xalıqlardın` qa`liplesiwi ha`m onın` izertleniw tariyxı boyınsha ilimpazlardın` birqansha ilimiy kitaplarda jazba dereklerden mag`lıwmatlar jıynap temanın` maqseti ha`m wazıypasın ashıp ko`rsetiwden ibarat.

**İzertlew ob`ekti ha`m predmeti:** İzertlew ob`ekti – bul Orta Aziya ha`m Qubla Aral boyı A`miwda`r`ya del`ta alabındag`ı b.e.sh. III-II mın` jıllıqlarda jasag`an xalıqlardın` ilimiy arxeologiyalıq izertleniw tariyxına arnalg`an.

Al izertlew predmeti – Orta Aziya, O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan aymag`ındag`ı da`slepki payda bolg`an xalıqlardın` ma`kan-jaylarının` izertleniwi ilimiy jaqtan salıstırmalı tu`rde izertlew ob`ekti bolıp esaplanadı.

**Pitkeriw qa`nigelik jumıstın` izertlew da`rejesi:** İlimpazlardın` pikirinshe Ortalıq Aziyada Bronza a`siri b.e.sh. III mın`ınshı jıllıqta baslanadı.

---

[1] В.М.Массон «Экономика и социальной древних обществ» Л., 1976., 53-бет

[2] Я.Гулямов., У.Исламов., А.Аскаров «Первобітная культура в низовьях Зарафшана» Т., 1966

[3] Б.В.Андронов Древние оросительние системі Приаралья М., 1969,
Я.Г.Гулямов «История орошения Хорезма с древнейших времен до наших дней» Т., 1957

[4] М.Мамбетуллаев., О.Юсупов «Қарақалпақстан тарийхı» 1-китап Нөкис., 2002 24-бет

Bronza a`sirinin` xojalıq jazıwında erisken u`lken jan`alıqlarının` biri, a`yyemgi diyqanshılıqtın` ken` taralıwı ha`m b.e.sh II mın`ınshı jıllardın` ekinshi yarımında sharwashılıqtın` diyqanshılıqtan ajıralıwı boladı. Adamzattın` diyqanshılıqta jabayı o`simlikler da`nlerin jıyıp terip, olardı qolda o`siriwdi u`yreniw ko`p mın`lag`an jıllarg`a sozıladı. İlimpazlardın` pikirinshe daqıldı o`sirip o`ndiriw b.e.sh. VIII-VI mın`ınshı jılları en` da`slep Kishi Aziyanın` tawlı rayonları esteliklerinde boladı. B.e.sh. din` VI-V mın`ınshı jılları diyqanshılıq Tu`rkmenstannın` qublasındag`ı Kopetaw eteginde kelip shıg`ıp keyin Orta Aziyag`a taraladı.[1] Diyqanshılıq penen bir qatarda mal sharwashılıg`ı payda boladı.

Orta Aziyanın` arqa ha`m shıg`ıs rayonlarındag`ı bronza estelikleri ma`deniyatı qubladag`ı otırıqshı xojalıq ju`rgizgen bronza da`wir qa`wimlerinin` esteliklerinen bo`linip turdı. Sharıqta tayarlang`an gu`lal ıdıslar birinshi Tu`rkmenstannın` qubla rayon esteliklerinen tabıldı.[2] Bronza da`wiri esteliklerinin` biri Altın-Tepe Tu`rkmenstannın` rayonında jaylasqan maydan 30 ga iye. B.e.sh. 2750-2300 jılları salıng`an Altıntepede ko`p bo`lmeli jaylar atalar basqarg`an shan`araqlar jasag`an ha`m sıyınıw ibadatxana (xram) bolg`an. Arxeologiyalıq a`debiyatlardı onı – Zikkurat dep ataydı.[3] Minar ta`rizli zikkuratlar burın Eki da`r`ya aralıg`ındag`ı ellerde Uruk da`wirinde bolg`an.

Bronza da`wirinde jasag`an Orta Aziya xalıqlarının` ma`deniy turmısı Mesopotamiyalıq ellerinin` xalıqlarının` ma`deniy turmısınan kem bolmag`an. Bizin` eramızg`a shekemgi 2600-2500 jıllar altınnan islengen o`giz bası Eki da`r`ya aralıg`ındag`ı Ur qalasında da tabılg`an. Demek Altın tepelilerge a`yyemgi Shumerlerdin` ko`rkem o`nerdin` ta`siri bolg`an.

---

[1] М.Мамбетуллаев., М.Туребеков «Қубла Арал бойı халықларı тарийхıнан» 1-китап Нөкис., 1998., 8-бет
[2] В.М.Массон «Алтıн депе» Л., 1981.
[3] М.Мамбетуллаев., О.Юсупов «Қарақалпақстан тарийхı» 1-китап Нөкис., 2002 23-бет

O`zbekstanda bronza a`sirinin` estelikleri Surxanda`r`ya, Zarafshannın` to`mengi boylarında Qubla Aral jerlerinde tabılıp izertlendi.

Sapalı tepe 1968 jılı Termizden 70 km Arqa batısta qazılıp tekserildi. Maydanı 4 ga bolg`an estelik u`sh ma`deniy qatlamnan ibarat.[1] Turaq jaylardın` diywalları paxsa ha`m qam gerbishlerden o`rilgen, tiykarınan diyqanshılıq, sharwashılıq, o`nermentshilik penen shug`ıllang`an. 1973-jıldan beri Surxanda`r`yanın` Sherabad jerinde Jarqutan esteligi qazıp tekserilip atır.[2] Maydanı 100 ga bolg`an qon`sı eller menen ekonomikalıq-ma`deniy sawda baylanısında bolg`an Sapalı tepe, Jarqutan O`zbekstandag`ı bronza da`wirinde payda bolg`an ertedegi birinshi qalalar boladı. B.e.sh. II mın`ınshı jıllar ortasında Orta Aziyanın` qubla rayonlarında diyqanshılıq penen shug`ıllang`an qon`sı qa`wimler menen ekonomikalıq ma`deniy baylanısta bolıp jasag`an qa`wimlerdin` bir toparı A`miwda`r`yanı o`rlep kelip, Qubla Aral boyındag`ı Kel`teminarlardın` urpaqları menen aralasıp, Suwjarg`an ma`deniyatın payda etken.

Suwjarg`anlardın` materiallıq ma`deniyatlarında a`sirese gu`lal ıdıslardın` tu`ri, nag`ısları Tu`rkmenstannın` qubla rayonında Anaw ma`kanında ha`m İrannın` shıg`ıs taw eteklerinde jasag`an qa`wimlerdin` xojalıq buyımlarına uqsaydı, bul eller arasında ma`deniy baylanıstı da`lilleydi. Suwjarg`an ma`deniyatına tiyisli estelikler Qamıslı 1-2, Janbas 6, Bazar 1-2 Qawınlı 1 jatadı.[3]

B.e.sh. XV a`sirde Suwjarg`anlar menen irgeles Taza bag`jap ma`deniyatı payda boldı. Bul ma`deniyattın` payda bolıwına b.e.sh. II mın`ınshı jılda Qubla Aral boyları jergilikli xalıqlar arasına Volga boylarınan Srub ma`deniyatın payda etken, ha`m batıs Qazaqstanda, Sibir`de sharwashılıq penen

[1] А.Асқаров «Сапалıтепе» Т., 1973., 40-бет
[2] Хуф.Д., Ш.Б.Шайдуллаев «Некоторıе результатı работ узбеко-германско экспедиции на городище Джаркутана» ИМКУ, вıп. 30. Т., 1999., 79-бет
[3] М.Мамбетуллаев., М.Туребеков «Қубла Арал бойı халıқларı тарийхıнан» Нөкис., 1997., 22-бет

shug`ıllang`an qa`wimlerdin` aralasıwı sebep boladı. Na`tiyjele Tazabag`japshılar Evraziyadan bronza a`sirinde A`miwda`r`yanın` eski tarmag`ı Aqshada`r`ya del`ta boylarında ko`lden suwg`arıp diyqanshılıq etedi. Qaraqalpaqstandag`ı bronza da`wirdegi qazıp izertlengen esteliklerge Janbas 21,30,33 Qavat3, Anka 5, Ko`kshe 16-19 ha`m t.b. kiredi. Usı waqıtta qa`nigelesken o`nerment ustalar bolıp mıs bronzadan islengen qurallar islenetug`ın ustaxana ornı ashılıp izertlendi. Ko`kshe 3 ma`kan a`tirapında bronza da`wirindegi qa`biristanda qazıp izertlendi.

Bronza da`wirinin` son`g`ı basqıshında Qaraqalpaqstan aymag`ında Amirabad ma`deniyatı qa`liplesedi. B.e.sh. IX-VIII a`sirler Amirabadlar, Tazabag`japlardın` da`stu`rin dawam etedi. Jekke Karsan 2, ma`kan jayında metaldan buyım isleytug`ın ustaxana ashıladı. Amirabad ma`deniyatına tiyisli esteliklerge Bazar 1, Quwınlı 1, Ko`kshe 1, U`stirttegi Qarakudın`, Sulani ha`m t.b. kiredi.[1]

Qubla Aral boyında bronza a`sirde Qaraqalpaqstan aymag`ında jasag`an «Suwjarg`an», «Tazabag`jap», «Amirabad»lardın` etno-ma`deniyatı ha`m olar menen irgeles jasag`an ko`shpeli ha`m yarım ko`shpeli Saklardın` tariyxı menen baylanıslı.

Ha`zirgi waqıtta Qubla O`zbekstandag`ı bronza da`wirinin` qatar estelikleri Sapalıtepe, Jarqutan, Bostan esteliklerinde u`zliksiz qazıw jumısları na`tiyjesinde Sapallı ma`deniyatı ajıralıp shıg`ıldı. Arxeologiyalıq materiallarının` kelbeti boyınsha Sapallı jag`ınan Qubla Tu`rkmenstannın` Altındepege baylanıslı bolıp a`yyemgi Shıg`ıs u`lgisindegi joqarı rawajlang`an ma`deniyat esaplanadı.[2]

Bul esteliklerdin` izertleniwi b.e.sh. II mın` jıllıqtın` ortası ha`m ekinshi yarımındag`ı Qubla O`zbekstan o`zinin` sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlanıw da`rejesi boyınsha qa`liplesip atırg`an tsivilizatsiya basqıshında turg`an

[1] М.Мамбетуллаев., О.Юсупов «Қарақалпақстан тарийхы» 1-китап Нөкис., 2002 26-бет
[2] А.Асқаров «Сапалıтепе» Т., 1973., 41-бет

a`yyemgi shıg`ıs u`lgisindegi joqarı rawajlang`an ma`deniyattın` qa`liplesiw oraylarının` biri bolg`anlıg`ın ko`rsetedi. Sapallı ma`deniyatının` izertleniwi A`yyemgi Baqtriyadag`ı erte klasslıq ja`miyettin` qala ma`deniyatının` genezisin anıqlawda u`lken rol` oynadı ha`m bul ma`selege aytarlıqtay du`zetiwler engizdi. Ha`zirgi waqıtta Sapallı ma`deniyatının` Baqtriyanın` arxaikalıq ha`m antik da`wirlerindegi qala ma`deniyatı qa`liplesiwinde tiykarın qurag`anlıg`ı tolıq tastıyıqlandı.

Biraz keyinrek b.e.sh. II mın` jıllıq aqırı I mın` jıllıq baslarında Oraylıq Aziyanın` qubla walayatlarına sonın` ishinde Baqtriyag`a sharwa qa`wimlerinen turatug`ın jan`a etnikalıq toparlar tarqaladı. Al b.e.sh. VIII-VII a`sirlerde a`skeriy demokratiya basqıshına sa`ykes keletug`ın a`yyemgi Baqtriya patshalıg`ı sıyaqlı siyasiy birlespe qa`liplesedi. İlimpazlardın` pikiri boyınsha ol bir neshe mayda iyeliklerden (knyaz`likler) turatug`ın a`skeriy ko`semler ta`repinen basqarılg`an konfederatsiya bolg`an bolıwı mu`mkin.

Joqarıda keltirilgen mag`lıwmatlar ele İranda Ahemeniy imperiyası du`zilgenge shekem a`yyemgi Baqtriya patshalıg`ının` bolg`anlıg`ınan ha`m erte tsivilizatsiya ha`m ma`mleketshiliktin` tu`p tamırları jergilikli bronza da`wiri ma`deniyatında ekenliginen derek beredi. Ahemeniy basshılıg`ındag`ı Baqtriyadag`ı a`lle qashan baslang`an ma`mleketshiliktin` qa`liplesiw barısın juwmaqlastıradı.

Usı qa`nigelik jumıs Orta Aziya sonın` ishinde O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan aymag`ındag`ı en` a`yyemgi qala ma`deniyatı esteliklerine bag`ıshlang`an. Jumıstın` maqseti bronza da`wirine tiyisli esteliklerden alng`an arxeologiyalıq materiallardın` izertlew na`tiyjeleri boyınsha olardın` Watanımız tariyxının` erte qala ma`deniyatı basqıshın izertlewdegi a`hmiyetin ashıp beriwden ibarat.

**İzertlewdin` metodologiyalıq tiykarı:** Tariyx ilimindegi tariyxıylıq, ob`ektivlik milliy g`a`rezsizlik ideyası printsipleri bakalavr pitkeriw qa`nigelik

jumısının` metodologiyalıq tiykarı bolıp xızmet etedi. O`zbekstan tariyxı, Qaraqalpaqstan ha`m Arxeologiya pa`ni monografiyalardag`ı jan`asha ko`z-qaras metodologiyalıq tiykar boladı.

Sonday-aq Prezidentimiz İ.Karimovtın` «Tarixiy xotirasiz kelajak ywq» kitabı elimiz basshısının` tariyxıy sa`nelerge bag`ıshlang`an anjumanlarda shıg`ıp so`ylegen so`zleri jumıstın` teoriyalıq ha`m metodologiyalıq tiykarı bolıp xızmet etedi. Sonın` menen elimizdin` belgili tariyxshılarının` gazeta jurnallardag`ı maqalalardan paydalanıldı.

**İzertlewdin` ilimiy jan`alıg`ı:** Tariyx iliminde bul mashqalanın` izertleniw da`rejesin u`yreniw, tariyxshılardın` kontseptsiyaların ha`r ta`repleme talıqlap, jumısta paydalanıw ilimiy jan`alıq bolıp esaplanadı. Orta Aziya, O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan a`yyemgi xalıqlardın` b.e.sh. III-II mın` jıllıqlarda qa`liplesiw ma`kan jaylarının` izertleniwi ha`m materiallıq ha`m ruwxıy ma`deniyatının` o`zgesheliklerin, arxeologiyalıq izertlewdegi ilimpazlardın` baxaların ha`r ta`repleme salıstırmalı tu`rde qarap shıg`ıp tolıqtırıw bul jumıstın` ilimiy jan`alıg`ına kiritiletug`ınlıg`ı so`zsiz dep esaplaymız.

**Jumıstın` teoriyalıq ha`m praktikalıq a`hmiyeti:** Pitkeriw qa`nigelik jumıstın` teoriyalıq a`hmiyeti sonnan ibarat milliy g`a`rezsizlik ideologiyasına su`yengen halda Orta Aziya aymag`ındag`ı bronza a`siri esteliklerdin` payda bolıw tariyxın, ilimiy miynetler, arxeologiyalıq izertlew jumıslardın` juwmag`ın tariyx iliminde sa`wlelendiriw kontseptsiyası izertlenip shıg`ıldı. Praktikalıq a`hmiyeti sonnan ibarat jumıstag`ı ilimiy aynalısqa kirgizilgen materiallar menen mag`lıwmatlarda O`zbekstan, Qaraqalpaqstan ha`m Arxeologiya pa`nlerinde paydalanıwg`a boladı.

**Pitkeriw qa`nigelik jumıstın` aprobatikası:** Bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumısı A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq

institutınının` «Tariyx» kafedrası ma`jilisinde ha`m fakul`tettin` ilimiy metodikalıq ken`esinde talıqlandı ha`m qorg`awg`a usınıs etildi.

Sonday-aq Tariyx fakul`tetinin` is jobasına baylanıslı 1-kurs talabaların ha`r jılı aprel`-may aylarında Kerder ma`deniyatına Tok qala, Ku`yik qala, Kerder qala, Qorg`ansha qala, Qıran qala sıyaqlı esteliklerde Arxeologiya oqıw dala a`meliyatına o`zim qatnasıp usı qa`nigelik jumıstın` gu`wası boldım.

**Pitkeriw qa`nigelik jumıstın` strukturası:** Tiykarınan alg`anda jumıs Kirisiw, u`sh baptan ha`m paragraflardan ibarat bolıp, son`ında juwmaqlaw, paydalang`an a`debiyatlar dizimi menen tema boyınsha prezentatsiya slaydlardan ibarat.

Kirisiw bo`liminde: Prezident miynetlerine baha, jumıstın` aktuallıg`ı, temanın` maqseti ha`m wazıypaları menen birge ilimpazlardın` arxeolog alımlardın` bronza a`sir esteliklerinin` izertleniwi tariyxı metodologiyalıq tiykarları, ilimiy jan`alıg`ı ha`m praktikalıq a`hmiyeti, aprobatikası so`z etiledi.

Pitkeriw qa`nigelik jumıstın` tiykarg`ı baplarında Orta Aziya, O`zbekstan, Qaraqalpaqstan aymag`ında bronza a`sirinin` qa`liplesiw tariyxı menen ilimiy izertlewlerdin` tiykarg`ı jumısları, qon`sı xalıqlar menen materiallıq ha`m ruwxıy ma`deniyatının` o`zgeshelikleri, uqsaslıg`ı so`z etiledi. Usı u`sh aymaqtag`ı bronza a`sirindegi izbe-iz qa`liplesiwi ha`m materiallıq ha`m ruwxıy uqsaslıg`ı tuwralı birqansha mag`lıwmatlar berildi.

Juwmaqlaw bo`liminde izertlenip atırg`an mashqalanın` na`tiyjeleri boyınsha ilimiy juwmaqlar berildi.

Jumıstın` son`ında paydalang`an a`debiyatlar dizimi ha`m pitkeriw qa`nigelik jumısına baylanıslı prezentatsiya ha`m slaydlar berildi.

# I bap: Orta Aziya xalıqlarının` B.e.sh. III-II mın` jıllıqlardag`ı tariyxın izertlew tariyxnaması

## 1.1. Orta Aziya xalıqlarının` tariyxın u`yreniwdegi arxeologiyalıq izertlewlerdin` a`hmiyeti

Orta Aziya sharayatında bir neshe ju`z mın` jıllar dawam etken adamzat tariyxının` tas da`wiri tamamlanadı, onın` ornına eneolit ha`m son`ıraq bronza da`wirleri iyeleydi. Alg`ashqı ja`miyet miynet quralların sog`ıwg`a da`slep mıstan paydalanadı. Sonın` ushın bul da`wir eneolit yag`nıy mıs tas da`wiri dep ataladı.

Orta Aziyada metall b.e.sh. IV mın`ınshı jıllıqta ma`lim Orta Aziyanın` arqa rayonlarında bolsa bul waqıtta neolit da`wirinin` Kel`teminar ma`deniyatının` do`retken ata-babalarımız arxeologiyalıq mag`lıwmatlarg`a qarag`anda metall menen birinshi ma`rtebe b.e.sh. III mın`ınshı jıllıqtın` aqırında tanıstı. A`yyemgi «metallurglar» belgili da`wirden son` qalayı mısqa qarıstırıp bronza (jez) alıwdı u`yrendi.

İlimpazlardın` pidakerlik miynetleri na`tiyjesinde bizler Orat Aziyanın` en` a`yyemgi xalıqlarının` haqıyqıy tariyxın u`yreniw imkaniyatına iye bolıp otırmız.

Orta Aziya tariyxın u`yreniwge V.V.Bartol`d, V.M.Mason, G.A.Pugachenkova, S.P.Tolstov, V.A.Shishkin, V.Vyatkin, Ya.G.Gulyamov, A.Asqarov, U.İslamov, A.Muxammedjanov ha`m t.b. tariyxshı ilimpazlar menen arxeologlar u`lken u`les qostı. O`z Respublikamızdın` tariyxın u`yrene otırıp, payda bolg`an Orta Aziya xalıqları pu`tkil du`n`ya ju`zlik tariyxqa sezilerlik ta`sir jasag`anının` ma`deniy progresstin` ulıwma g`a`ziynesine ju`da` ko`p jan`a o`zine ta`n ruwxıy baylıqlar qosqanının` gu`wası bolasız.

Arab geograflarının` (İbn Rustem, İstaxri, Makdisi t.b.) jazbalarına S.P.Tolstov[1] ha`m Ya.G.Gulyamov[1] ta`repinen salıstırılıp ko`rilgen en` jan`a

---

[1] С.П.Толстов «По древним дельтам Окса и Яксарта» М., 1962., 24-26-бетлер

arxeologiyalıq mag`lıwmatlarg`a qarag`anda b.e. I mın`ınshı jılının` aqırında A`miwda`r`yanın` suwı Shıg`ısta Sırda`r` basseyinnin` suwı menen tutasqan. A`yyemgi Orta a`sirlerde Xorezmde diyqanshılıq rayonları bir qansha iri magistral kanallar Daudan basseyninde, sonday-aq A`miwda`r`yanın` en` jag`asındag`ı (Dawqarada) jaylastı. Demek biz diyqanshılıqtın` ku`shli rawajlang`anın bilemiz.

A`miwda`r`yanın` to`mengi alabındag`ı onın` del`taları Qubla Aral boyında erteden baslap diyqanshılıqtın` payda bolıwına mu`mkinshilik tuwdıradı. B.e.sh. II mın`ınshı jıllıqtın` ekinshi yarımında Qubla Aral boyına Arqa aymaqlardan ko`shpeli «Srubala-kul`» dep atalg`an qa`wimler aralastı.

Orta Aziya xalıqlarının` tabiyg`ıy geografiyalıq jaylasqan ornı a`yyemgi waqıtlardan baslap-aq diyqanshılıqtın` rawajlanıwına qolaylı bolg`an. En` da`slepki diyqanshılıq ma`deniyatı Tu`slik Tu`rkmenstan territoriyasında neolit da`wirinin` aqırında qa`liplesedi.[2]

Xorezm territoriyasında diyqanshılıq ma`deniyatının` da`slepki belgileri bolsa S.P.Tolstovtın` ha`m onın` sha`kirtlerinin` izertlewi boyınsha bizin` eramızg`a shekem sharwashılıq jıllarında Kel`teminar jerlerinde payda bolg`an.

Bronzanın` payda bolıwı adamzat tariyxında u`lken rol` oynaydı.[3] Bul da`wirde burın payda bolg`an diyqanshılıq ha`m mal sharwashılıg`ı xojalıqtın` baslı tarawına aylandı.

Tu`slik Tu`rkmenstan jerlerinde, a`sirese Dar`ya boylarında da`slep adamlar ta`biyg`ıy suwg`arılatug`ın jerlerdi diyqanshılıq etiwge paydalanadı.[4] Bul territoriyada arxeologlar ta`repinen b.e.sh. IV-III mın` jıllıqlardag`ı 150

---

[1] Я.Гулямов «История орошения Хорезма с древнейших времен до наших дней» Т., 1957 18-113-бетлер
[2] В.М.Массон «Средняя Азия и древний Восток» М-Л., 1964., т.II., 38-бет
[3] С.П.Толстов «По древним дельтам Окса и Яксарта» М., 1962., 24-46-бетлер
[4] Б.Г.Гафуров «Таджики, древнейшая, древняя и средневековая истории» М., 1972., 19-21-бетлер

gektar diyqanshılıq jerin suwg`aratug`ın kanal, ha`tteik ol kanalda sag`ası baslanatug`ın japlar belgili bolg`an.[1]

Ol jerge arpa, boyı pa`s buwday, ju`zim qara buwday egilgen. Diyqanshılıqta da`slep tastan, son` bronzadan islengen oraqlar ha`m a`piwayı tas qol digirmanı tastan islegen ketpen, ag`ash tayaqlar paydalanılg`an.[2] A`yyemgi Baqtriyaterritoriyasındag`ı diyqanshılıq tiykarınan usı da`wirde rawajlana basladı. Ol tuwralı A.Asqarovtın`, V.İ.Sarianididin` ha`m t.b. arxeologiyalıq izertlewleri ko`p mag`lıwmatlar beredi.[3] A`yyemgi Ferg`anadag`ı diyqanshılıq tuwralı Yu.A.Zadneprovskiydin` miynetlerinde jazılg`an.[4] Zarafshan del`ta zonasındag`ı diyqanshılıq tariyxı tuwralı geypara mag`lıwmatlar Ya.G.Gulyamov, U.İ.İslamov, A.Asqarov ha`m A.R.Muxammedjanovtın` miynetlerinde bar. Bizin` temamızg`a tikkeley baylanıslı bolg`an Aral ten`izi jag`alawında diyqanshılıq bronza da`wirinde rawajlana baslaydı.

Bul sorawdı u`yreniwde SSSR ilimler Akademiyasının` Etnografiya institutı ta`repinen sho`lkemlestirilgen Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyasının` ilimiy xızmetkerleri ko`p jumıslar islep Orta Aziyadag`ı en` iri A`miw ha`m Sırda`r`yanın` to`mengi ag`ısındag`ı bronza da`wirindegi diyqanshılıq egiwdegi da`slepki o`zlestiriliwi suwg`arıw sistemaları ha`m sol jerdegi xalıqlardın` ma`deniyatın pu`tkil du`n`yalıq tariyx ilimine ma`lim etti. Ol ilimpazlardın` ishinen S.P.Tolstovtın`, B.V.Andronovtın`, Ya.G.Gulyamovtın`, M.A.İtinanın` ha`m t.b. ilimiy miynetleri u`lken a`hmiyetke iye. Xojalıq ha`m ma`deniy rawajlanıw protsessi b.e.sh. III mın` jıllıqtın` ekinshi yarımında Orta Aziyanın` Qubla batısında da`slepki qalalardın` ha`m erte qala tsivilizatsiyasının` qa`liplesiwine alıp keldi. Onın` en` jaqsı izertlengen esteligi Altın depe dep

[1] В.М.Массон «Экономика и социальной древних обществ» Л., 1976., 53-бет
[2] Г.Ф.Каробкова «Каменнıе и костянıе орудия труда из экономических поселений Южной Туркменистан» ИАН ТССР, сер. Общ. Наук 1964 стр 22
[3] А.Аскаров Древнем земледел. культура эпохи бронза юга Узбекистана Т., 1977., 32-бет
[4] В.И.Сарианиди Древние земледельца Афганистана М., 1977., 41-бет

ataladı. Altındepe tsivilizatsiyası shama menen b.e.sh. 2300-1900 jıllar menen sa`nelenedi ha`m a`yyemgi Shıg`ıstın` rawajlang`an ma`deniyatlarına ta`n ayırım belgilerge iye.[1] Qala u`lgisindegi eki elat – Altındepe ha`m Namazg`adepe onın` orayları bolg`an. Olardan basqa Anawdepe, Aqdepe, Tekkeshdepe, Gonurdepe, Tog`oloqdepe sıyaqlı awıllıq elatlar ken` da`rejede izertlengen. Estelikler Qubla Tu`rkmenstanda Batısta Qızıl Arbat qalasınan baslap Shıg`ısta Tejen da`r`yası ha`m to`mengi Murg`ap boylarına shekem tarqalg`an.[2]

Namazg`adepe maydanı 70 gektar jerden ibarat bolıp, esteliktin` ma`deniy qatlamı 34 m. Bul aymaqta b.e.sh. IV mın` jıllıqtan II mın` jıllıqtın` aqırına shekem jasag`an. Yag`nıy onın` to`mengi qatlamları eneolit da`wirine tiyisli. To`beshikte xanalı u`ylerdin` qaldıqları qazıp ashıldı. U`ylerdin` diywalları qam gerbishten terilgen bolıp, ha`r qaysısının` janında kishi ha`wli bolg`an. Xanalardın` ko`pshiligi kvadrat tu`sinde qurılg`an. Olardın` ishinde supalar ha`m oshaqlar bolg`an ha`m diywallarda teksheler ornatılg`an.

Namazg`adepe gu`lal ıdıslar ren`li bolıp, o`simlikler ha`m haywan su`wretleri menen nag`ıslang`an. Nag`ıssız ıdıslar ha`m bar. Olar qolda jasalg`an. Gu`lal stanoginde jasalg`an fıdıslar qolda islengen buyımlardan a`dewir parq qıladı ha`m olar Orta Aziyada birinshi ret usı jerde payda bolg`an.

Altındepenin` maydanı 25 gektar bolg`an. Bul jerde 1965-jıldan ha`zirgi waqıtqa shekem arxeologiyalıq izertlew jumısları alıp barılmaqta. Onda ko`p xanalı u`yler, zikkurat tu`rindegi ibadatxana qazıp tekserilip, og`ada ko`p zatlay derekler, sonın` ishinde 500 ge jaqın terrakotalıq ha`ykeller, 150 a`yyemgi mo`rler, gu`lal ıdıslar, bronzadan ha`m altınnan jasalg`an buyımlar ha`m t.b. zatlar alıng`an. Bunnan tısqarı 550 jaqın qa`birler qazıp tekserildi, ha`m Altındepenin` antropologiyalıq materialları ha`zirgi waqıtta tek Orta Aziyada

---

[1] В.М.Массон «Алтін депе» Л., 1981., 32-бет

[2] Я.Г.Гулямов «История орошения Хорезма с древнейших времен до наших дней» Т., 1957., 20-бет

emes, ulıwma jaqın Shıg`ıstag`ı da`wirine tiyisli en` u`lken kollektsiyalardın` birin quraydı.

Altındepe elatı qam gerbishten qurılg`an qorg`anıs diywallarına iye (qalın`lıg`ı 2-1 m a`tirapında), ol da`rwazanın` eki ta`repinde kvadrat tu`rindegi minarlar bolg`an. Elattın` Arqa shetinde maydanı 2 ga quraytug`ın o`nermentshiler kvartalı tabılg`an. Ol jerde gu`lal ıdıslardı pisiretug`ın bir neshe onlag`an eki yaruslı pechler qaldıqları saqlanıp qalg`an.

Ko`p xanalı u`ylerdin` myydanı 50-100 kv m. aralıg`ında bolıp, olarda u`lken patriarxallıq shan`araq ag`zaları jasag`an.[1]

«O`nermentshiler kvartalı»ndag`ı qazıp izertlengen qa`birlerde tek gu`lal ıdıslar ha`m haywan su`yekleri tabılg`an.

Altındepenin` basqa bo`liminde arxeologlar ta`repinen «Aqsu`yekler kvartalı» dep at berilgen u`y-jaylar ma`kanı tabılg`an. Onın` ulıwma maydanı 150 kv m. bolıp, bul jerdegi u`yler ken`ligi menen du`ziw jaylasıwı menen ajıralıp turadı. U`yler parallel` jaylasqan yamasa bir-birin kesip o`tetug`ın kishi ko`sheler boylap ornalasqan. «Aqsu`yekler kvartalı»ndag`ı kollektiv ha`m jeke qa`birler jerlew buyımlarının` baylıg`ı menen ko`zge taslanadı. Ko`p sanlı ıdıslardan basqa, olarda terrakotalıq ha`ykeller, mo`rler, monshaqlardın` dizbeginen turatug`ın tag`ınshaqlar (Altın, serdolik, agattan jasalg`an) ha`m u`y haywanları su`yekleri bar.

Altındepenin` orayın monumentallıq sıyınıw ornı qurag`an. Ol to`rt teksheli minara-zikkurat tu`rinde salıng`an. Og`an ko`p sanlı da`n saqlag`ıshlar, bas ruwxaniy u`yi ha`m ruwxaniy qa`biri kiredi. Zikkurattın` ba`lentligi 12 sm.

A`hmiyetli arxeologiyalıq tabılmalar ishinde altınnan jasalg`an ho`kiz ha`m qasqır basları ha`ykelsheleri ayrıqsha itibarg`a iye.

Altınnan jasalg`an ho`kizdin` ko`zleri feruza tastan jasalg`an, al man`layına yarım ay ko`rinisine iye feruza tas qondırılg`an. V.M.Massonnın`

---

[1] В.М.Массон «Алтın депе город бронзового века» М., 1993., 7-бет

pikiri boyınsha ibadatxana kompleksi Mesopotamiya mifologiyasında ot ren`indegi og`iz obrazında su`wretlenetug`ın Ay Qudayına bag`ıshlang`an.[1]

Solay etip, qola da`wirinde Tu`rkmenstannın` qublası Orta Aziyanın` en` a`hmiyetli ma`deniy oraylarının` biri bolg`an. Kopedag` esteliklerindegi to`mengi Tedjen ha`m Murg`ab alabındag`ı qolaylı geografiyalıq sharayatta rawajlang`an diyqanshılıq qoldan suwg`arıwg`a tiykarlang`an. Namazg`a ha`m Altındepe a`tiraplarında a`yyemgi suwg`arıw jerleri ken` maydanlarg`a iye bolg`an. Da`r`yalardan kanal shıg`arıw texnikası biraz rawajlang`an.

Rawajlanıp barg`an diyqanshılıq ma`deniyatı haqqında arpa, biyday da`nleri qaldıqları miynet qurallarınan oraqlar, digirmanlar keli ha`m kelsaplar derek beredi. Diyqanshılıq penen birge adamlar o`mirinde u`y sharwashılıg`ı o`z a`hmiyetin jog`altpag`an. Ko`binshe ma`kanlardan qoy, eshki ha`m sıyır su`yekleri tabılg`an. Sharwashılıq diyqanshılıqtın` ja`rdemgi tarawı bolg`an.

O`zgerisler u`sh en` a`hmiyetli tarawda ekonomikada, ja`miyette ha`m ma`deniyatta ju`z beredi. Xojalıqqa haywanlar ju`k tartıwshı ku`sh sıpatında ken` paydalanıladı qazıw jumısları waqtında Altındepede ılaydan jasalg`an to`rt do`n`gelekli arbag`a tu`yenin` bası qosıp su`wretlengen ha`ykelshe nusqası tabılg`an. Onda tu`ye tartıwshı ku`sh tu`rinde ko`rsetilgen. Mesopotamiyada ko`lik sıpatında eshek, a`yyemgi Hindistanda o`giz paydalanılg`an. At a`yyemgi shıg`ısta biraz keyinirek qolg`a u`yretiledi. Attı qolg`a u`yretiw orayı Evraziya sahrasında bolg`an. A`hmiyetli o`zgerisler gu`lal ıdıslar o`ndirilisinde ju`z beredi. B.e.sh. III mın` jıllıqtan baslap olardı islep shıg`arıwda gu`lal ıdıslar sharqı (stanogi) paydalanıla baslandı.[2] Na`tiyjede ıdıslardı ko`p mug`darda ha`m sapalı etip shıg`arıw mu`mkinshiligi payda boladı. Bir ko`rinistegi ıdıslar shıg`arıw, yag`nıy o`ndiriste standartlasıw ju`z berdi. Altındepelikler ıdıslardın` otızg`a jaqın tu`rlerin shıg`arg`an. Metall buyımlardı qa`lipler ja`rdeminde quyıw ha`m zergerlik payda boladı. Bulardın` ha`mmesi ayrıqsha ustalıqtı ha`m

[1] В.М.Масон «Первые цивилизация» Л., 1989., 13-бет
[2] А.Асқаров «Өзбекстан тарийхı» Т., 1996., 50-бет

qa`nigelik ta`jiriybesin talap etken, elatlarda o`nermentshi-qa`nigeler toparları ajıralıp shıg`a baslaydı.

O`nimdar xojalıq ha`m o`nermentshilik islep shıg`arıwshı ku`shlerdi rawajlandıradı usının` tiykarında ruw ja`miyeti ishinde mu`lik ten`sizligi protsessi baslanadı. A`sirese ata ruwı patriarxar qa`lipleskennen keyin adamlardın` ja`miyetlik o`mirinde u`lken o`zgerisler ju`z bergen. Jer aydap diyqanshılıq qılıw artıqsha o`nim ha`m zat ayırbaslawdı ta`rtipke salıwda tiykarg`ı rol`di oynag`an.

Altındepeden tabılg`an kishi ja`ma`a` u`yleri menen birge (maydanları 40-50 kv m.) tarqalıwı, bay altınnan islengen tag`ınshaqlar, bronza ıdıslar ha`m qural jaraqlar ha`m urıw baslıqlarının` jeke tamg`aları zat almasıwdın` kelip shıqqanlıg`ınan ha`m mu`lik ten`sizliginen derek beredi.[1]

Jumıstın` qa`nigelesiwi aqıl miyneti menen ku`sh miynetinin` ajıralıp barıwına alıp barg`an. Og`ada na`zik etip jasalg`an buyımlar ja`miyette qa`nige-su`wretshilerdin` payda bolg`anlıg`ın ko`rsetedi. Ruwxaniylar a`psanalar ha`m erteklerdi saqlawshı wazıypasın orınlag`an bolıwı kerek. Arxitekturada belgili da`rejedegi nızamlılıq ko`zge taslanadı. (50x25 sm u`lkenliktegi gerbish). Tik mu`yeshli u`yler, tik mu`yeshli minaralar ha`m belgili u`lkenliktegi gerbishler belgili da`stu`rdin` qa`lipleskenligin ko`rsetti. Jan`a estetikalıq da`stu`rdin` payda bolg`anlıg`ın ha`ykelshilikte ko`riwimiz mu`mkin. Burıng`ı erte diyqanshılıq ma`deniyatına ta`n tolıq ha`ykellerdin` ornın qıpsha bel, na`zik hayallardın` ha`ykelleri iyeleydi. Gu`mis ha`m bronzadan jasalg`an mo`rlerde geometriyalıq nag`ıslar menen birge eshki, jolbarıs, bu`rkit yamasa u`sh baslı aydarha, jılan su`wretlengen. Xarappa jazıwları bar mo`rler eki tsivilizatsiyanın` tıg`ız baylanısta bolg`anlıg`ın bildiredi.

Diyqanshılıq qa`wimleri waqıt o`tiwi menen shıg`ısqa, da`slep Tejen da`r`yası, keyinirek Murg`ab da`r`yası boylarına jıljıydı. B.e.sh. II mın` jıllıqtın`

---

[1] В.М.Массон «Алтин депе» Л., 1981., 167-бет

birinshi yarımında rawajlanıw orayı Murg`abqa ko`shedi, al taw etegindegi qalalar bosap qaladı. Biraq b.e.sh. II mın` jıllıqtın` aqırında bul jerdegi joqarı qala ma`deniyatı pu`tkilley so`nedi, al erte qala ma`deniyatı orayı bul da`wirde Qubla O`zbekstanda bolg`an. Orta Aziyanın` iri tariyxıy ma`deniy aymag`ı Arqa Baqtriya sapalı ma`deniyatı estelikleri jaylasqan. Ol ıssı ıqlımlı bolıp, Arqa ta`repten Xissar, Batıs ta`repten Boysın taw ha`m Kuxitan taw, Shıg`ıs jaqtan Baba taw, al Qubladan A`miwda`r`ya menen qorshalg`an. Taw eteklerinde Surxanda`r`ya, Sherabad da`r`ya, San`g`araq da`r`ya, Xojaypaxsay, Kafirnigan da`r`ya, Topalan` da`r`ya oypatlıqları ha`m On` jag`alıq A`miwda`r`ya alabı bar. Arxeologiyalıq izertlewler bul u`lkenin` adamzat tariyxının` barlıq basqıshları esteliklerine tolı ekenligin ko`rsetti.

## 1. 2. Tariyxıy arxeologiyalıq esteliklerdin` izertleniwi

Bronza da`wiri elatları a`yyemgi Ulanbulaqsay, Sherabad, Ba`ndixan ha`m Mirshalı irrigatsiyalıq rayonlarında jaylasqan. Sapalıtepe esteligi[1] A`miwda`r`yadan 2,5-3 km Shıg`ısta, Sherabad da`r`ya alabının` Ulanbulaq sayının` jag`asında ornalasqan. Onın` maydanı 4 ga ibarat. Esteliktin` a`tirapında ja`ne basqa kishigirim to`beshikler bolg`an. Biraq o`tken a`sirdin` 60-jılları olar ha`m Sappalıtepenin` u`lken bo`limin tegisletip, paxta maydanlarına aynaldırg`an. To`beshiktin` oraylıq bo`liminde qaptalları 82 m ibarat to`rtmu`yeshli bekinisli qala qaldıg`ı ashıp izertlendi. Qalanın` qalın`lıg`ı 2 m ibarat 3 parallel` jaylasqan sırtqı diywalları qam gerbishten o`rilgen. U`sh diywal qala boylap jaylasqan eki parallel` da`lizlerdi du`zedi. Bul uzın da`lizler bir qatar jag`daylarda turar jay wazıypasın orınlag`an. Sırtqı diywallar ayrıqsha arxitekturalıq joybar menen labirint tu`rinde jasalıp uzın da`lizler anıq tik mu`yeshli bloklar ko`rinisinde bolıp, qalanın` ishki bo`limi menen mayda bo`lmeler arqalı baylanısqan. Qalag`a kiriw da`rwazası birew bolıp, ol qubla ta`repinde jaylasqan. Al basqaları qalanın` ishine aparmastan, duzaq wazıypasın orınlag`an. Diywallar ha`r tu`rli biyklikte 0,80 metrden 1,60 metrge shekemgi aralıqta saqlanıp qalg`an.[2] Qalanın` ishinde bir-biri menen tutasıp ketken turaq jaylar salınıp taslang`an. Olar tar ko`sheler ha`m burılıslar arqalı I kvartalg`a bo`lingen. Ha`r bir kvartalı ko`p bo`lmeli birneshe turaq jaylardan turadı.

Qazıw barısındag`ı strategiyagrafiyalıq gu`zetiwler turaq jaylar ha`m xojalıq bo`lmelerinin` bir waqıtta salınbag`anlıg`ın ko`rsetti. A.A.Asqarov Sapallıtepe tariyxın u`sh qurılıs gorizontına bo`ledi. Birinshi da`wirde sırtqı diywallar ha`m bo`lmedegi kvarttalardın` bir qatarı qurılg`an. Birinshi da`wir u`ylerinde 30 kishi shan`araq jasag`an. Ekinshi da`wir u`ylerinde 61 shan`araq jasag`an ha`m qorg`anıs diywalları aralıg`ındag`ı da`lizler ha`m paydalanıp

---

[1] А. Асқаров «Өзбекстан тарийхı» Н. , 1996. , 58-бет
[2] А.Асқаров «Сапалıтепе» Т., 1973., 106-бет

baslandı.[1] Al u`shinshi da`wirde 47 xojalıq jasag`an. Ulıwma Sapallıtepe elatı xalqı 155-315 kisiden ibarat bolg`an bolıwı mu`mkin. U`lken patriarxal shan`araq ag`zaları jekke u`ylerde jasap, olar ja`maat kvartalların qurg`an. Bul jerde qurılıs, o`nermentshilik ha`m ekonomikalıq qatnasıqlar a`dewir rawajlang`an. Turaq jay xanalarındag`ı diywal ishlerine ornatılg`an kamin oshaqlar ha`m sandal tipindegi oshaqlar ken` tarqalqan. Qurılıs materialları sıpatında paxsa ha`m qam gerbish qollanılg`an. Barlıq jaylardın sonın` ishinde turaq jaylar ha`m xojalıq bo`lmelerinin`, bekinis diywallarının` qurılısında razmerleri 20x10x42, 22x12x44, 24x13x46 sm bolg`an gerbishler isletilgen. U`ylerdin polları ılay menen ayrım jag`daylarda alebastr menen sıbalg`an. Gerbish yamasa gu`lal sınıqları to`selgen bo`lmeler ha`m bar. U`ylerdin` diywalları saman aralastırılg`an ılay menen sıbalg`an.

Bo`lmelerdin` ko`rinisi ha`r tu`rli. Olar ko`binese tik mu`yeshli yamasa kvadratlı. Tek bir bo`lme yarım do`n`gelek tu`rinde qurılg`an. Oshaqlardın` janında, ayırım jag`daylarda, digirman ha`m iri ıdıslar ushırasadı. Bir qatar gu`lal ıdıslardı pisiriw ushın islengen keramikalıq peshler ha`m tabıldı. Olar konstruktsiyası boyınsha eki tu`rli – birinshisi diywalg`a tiygizip salıng`an gu`mbezli oshaqlar, ekinshisi kamin sıyaqlı sırtqı diywallardın` ishine qurılg`an. Eki tu`rdegi peshler eki yaruslı, to`mengisi ot jag`ıw ushın, joqarg`ısı pisiriw (yamasa ku`ydiriw) kamerası wazıypasın orınlag`an.

Turaq jaylar ha`m xojalıq bo`lmeleri menen bir qatarda mal qoraları tabıldı. Olar qıs ma`wsiminde u`y malların panalatıw ushın paydalanılg`an bolıwı kerek.

Bunnan tısqarı Sapallıtepe elatında ulıwma sanı 138 qa`bir jay qazıp tekserildi. Olar qalanın` turaq-jay diywallarının` astına ko`milgen. Sonı aytıp o`tiw kerek, olardın` birde-birewi urlanbag`an ha`m buzılmastan saqlang`an. Olardın` 125 jekke qa`birler, qalg`an 13i kollektivlik go`r wazıypasın orınlag`an. Ko`pshilik qa`birler marxumg`a qosılıp ko`milgen bay jerlew buyımlarına iye. Olardın` tiykarg`ı bo`limin gu`lal stanoginde jasalg`an ıdıslar

---

[1] А.Асқаров «Сапалитепе» Т., 1973., 107-бет

quraydı. Qa`birlerde metaldan, tastan, teriden, qamıstan islengen qural-jaraqlar, tag`ınshaqlar ha`m t.b. buyımlar gezlesedi. Mısalı, erkekler qa`birlerinen 26 metall zatlar, hayallar qa`birlerinen 104 bronza buyımlar halqalar, bilezikler, aynalar, monshaqlar tabıldı. Gu`lal ıdıslar nag`ıslanbag`an.

Du`zilisi boyınsha qa`birler, tiykarınan, eki tu`rli. A`piuayı shun`qır ha`m katakomba tu`rinde. Shun`qır tu`rindegi qa`birlerde a`dette u`ylerdin` diywalları, ko`binese batıs diywalları astında, al katakombalı qa`birler poldın` ha`m sırtqı diywallardın` astında qazılg`an. Olardan basqa ıdıslarda diywaldın` ishine ha`m mayda shun`qırlarda jerlengen o`likler ha`m bar. Mayda shun`qırlarda tek balalar ko`milgen. Balalar qa`birlerinde jerlew buyımları ulıwma qoyılmag`an. Sapallıtepede joqarıdag`ı aytılg`anlardan tısqarı kenotaflar ushırasadı.[1]

U`lkenlerdi jerlew da`stu`ri birdey marxum ayaq-qolı bu`gilgen halda bir ta`rep janbaslap, bası arqag`a qaratıp jatqızılg`an. Tek ayırım jag`dayda skeletler orientatsiyası buzılg`an. Balalar qa`birinde marxumlardın, basların bir ta`repke qaratıp qoyıw da`stu`ri bolmag`an.

Sapallıtepeden alıng`an arxeologiyalıq materiallar ha`r tu`rli ha`m og`ada a`hmiyetli mag`lıwmatlar beredi. Tas miynet quralları Sapallıtepe turg`ınlarının` shug`ıllang`an ka`sipleri, olardın` ma`deniyatı ha`m turmısı haqqında og`ada qızıqlı mag`lıwmatlar beredi.

Gu`lal ıdıslar Sapallıtepe elatında ıdıslar jasaw ushın ha`r tu`rli ishki zatlar – ılay ha`m qamıs paydalanılg`an. Qazıw jumısları barısında birneshe on mın`lag`an gu`lal ıdıslar ha`m olardın` sınıqları tabıldı. Olardın` 450 den aslamı pu`tin ıdıslar.[2] Ma`deniy qatlamnan qa`birlerden tabılg`an ıdıslar 14 tu`rge bo`linedi – vaza ta`rizli ıdıslar, tabaq, keseler, tu`bekler, xumlar, xumshalar, sha`ynek ha`m piyala ta`rizli u`y turmısında sharwashılıq ha`m diyqanshılıq o`nimlerin saqlaw ushın isletiletug`ın buyımlar. Olar tiykarınan gu`lalshılıq sharqında jasalg`an. Idıslardın` barlıg`ı jaqsı islengen, jergilikli jumsaq ılaydan

---

[1] А.Асқаров «Сапалитепе» Т., 1973., 108-бет
[2] А.Асқаров «Сапалитепе» Т., 1973., 111-бет

tayarlang`an, qanday ıdıs bolmasın, olardın` ha`mmesi jaqsı pisirilgen ha`m qızıl, qızg`ısh aq ren`ge iye. Idıslardın` ko`pshiliginin` sırtı ısqılanıp jıltıratılg`an. Idıslardın` sırtına nag`ıs salınbag`an. Tek birneshe sırtı sızıqlı nag`ıs penen bezetilgen ıdıs sınıqları tabıldı.

Ag`ashtan jasalg`an ıdıslar ha`m ha`r tu`rli bolıp, olar tek qa`birlerde tabılg`an. Ayırımları qa`birdi ashıw waqtında pu`tkilley maydalanıp shashırap ketken. Tek geyparaların saqlap qalıwg`a erisildi. Olar jalpaq ıdıslar, yarım sfera tu`rindegi teren` ıdıslar ha`m miniatyuralıq tabaqshalar. Idıslardın` birewlerinin` ishinde haywan su`yekleri, ekinshilerinen azıq-awqattın` qaldıqları tabılg`an.

Teridan jasalg`an ıdıslar ha`m sabannan toqılg`an sebetler ha`m tiykarınan qa`birlerden shıqtı. Olardı ximiyalıq usıllar ja`rdeminde saqlap qalıwg`a erisildi. Kiyiktin` shaqınan jasalg`an ıdıs kesilgen konus ta`rizli qılıp jasalg`an. Aq mramordan jasalg`an ıdıslar yarım sfera ha`m stakan tu`rinde jasalg`an.

Metall ıdıslar onnan ko`p emes. Olar bronzadan quyılg`an grafin, tsilindr tu`rindegi buyımlar. Mramordan, ag`ashtan ha`m bronzadan jasalg`an ıdıslar keramikalıq formalardı qaytalaydı.

Miynet quralları ha`m qarıwlar. Sapallıtepeden tabılg`an miynet quralları ha`m qarıw jaraqlardın` basım ko`pshiligi shaqmaq tastan jasalg`an – bular oq jay ushları. Pıshaq ta`rizli plastinalar, terini iylewde paydalanatug`ın qırg`ıshlar. Taw taslarınan digirman, keli-kelsaplar, balg`alar ha`m. t.b. xojalıq buyımları atıw ushın isletilgen yadrolar jasalg`an. Oq jay ushları ha`m pıshaqlardın` ha`m oraqlardın` bronzadan islengen nusxaları ha`m bar. Su`yekten iyneler, bizler, toqıw quralları, balıq ayalaw qarmaqları, qasıqlar, pıshaqlardın` sapları jasalg`an. Kiyik shaxlarınan ketpenler, oraqlar islengen. Su`yekten jasalg`an buyımlardın` ishinde oyın asıqları ha`m bar.

Tag`ınshaqlar ha`m jeke tutınıw buyımları. Sapallıtepe elatınan tabılg`an materiallıq ma`deniyat do`gereklerinin` ishinde tag`ınshaqlar og`ada ko`pshilikti quraydı. Monshaqlar, tumarlar. qalqalar, sırg`alar, bilezikler, shashqa tag`atug`ın tu`yrewishler, aynalar ha`m t.b. Bul buyımlar ushın

isletilgen tiykarg`ı shiyki zat ha`r tu`rli taslar, bronza ha`m su`yek. Tag`ınshaqlar arasında sanı boyınsha monshaqlar birinshi orında turadı. Olar lazuritten, serdolikten, feruzadan, mramordan, rubinnen, oniksten, xaltsedonnan, diorit ha`m t.b. taw jınıslarınan tayarlang`an.[1] Monshaqlardın` ayırımlarının` betine jılan, bu`rkit svastika tu`rindegi oyıw nag`ısları salıng`an. Bronzadan jasalg`an qol aynalar eki tu`rli, birinshisi do`n`gelek, ekinshisi do`n`gelek biraq saplı. Tu`yrewishler bronzadan ha`m su`yekten jasalg`an. Su`yekten jasalg`an taraqlar ha`m hayallar kosmetikasında islenetug`ın qasıqshalar bar. Basqa buyımlardan bronza ha`m ha`k tasınan jasalg`an mo`rler ayrıqsha dıqqatqa iye. Olardın` betinde krest, vertikal sızıqlar tu`rindegi tamg`alar haywan su`wretleri salıng`an, al artqı ta`repinde tesikli ilgekler bar.

Solay etip, Sapallıtepenin` materiallıq derekleri bul jerde gu`lalshılıqtın`, metall enermentshiliginin`, al na`zik buyımları zergerliktin` joqarı da`rejede rawajlang`anlıg`ın bildiredi. Al qurılısındag`ı kuramalı arxitekturalıq usıllar (qalanın` belgili planirovka tiykarında qurılıwı, labirint qapılar, belgili u`lkenliktegi gerbishler) Sapallıtepe ustalarının` ju`da` bay ta`jiriybege iye ekenliginen derek beredi. Qa`birlerden tabılg`an paxta gezlemesi ha`m ta`biyg`ıy jipek kiyimleri qaldıqları bul jerdegi paxtashılıq ha`m jipekshiliktin` 3-3,5 mın` jıllıq tariyxqa iye ekenligin ko`rsetedi.

Jarqutan Arqa Baqtriyadag`ı son`g`ı bronza da`wirine tiyisli en` u`lken estelik, onın` ulıwma maydanı 100 ga. Estelik «tsitadel`» den qalashıqtan ha`m og`ada u`lken qa`biristannan ibarat.[2] İlimpazlardın` pikiri boyınsha Jarqutan paytaxt tu`rindegi erte qala tsivilizatsiya estelikler qatarına kiredi. Ol Termiz qalasınan 60 km arqada, bir waqıtları A`miwda`r`yanın` tarmaqlarının` biri bolg`an, qurg`ap qalg`an Bostansay sayının` shep jag`alılıg`ında jaylasqan. Jarqutandag`ı qazılma jumısları 1973 jılı akademik A.Asqarov ta`repinen baslandı[3] ha`m onın` basshılıg`ında bir neshe on jıllar dawamında ken`

[1] А.Асқаров «Сапалıтепе» Т., 1973., 114-бет
[2] Д.Хуф., Ш.Б.Шайдуллаев «Некоторıе результатı работ узбекского-германского экспедиции на городище Джаркутана» ИМКУ, вıп. 30. Т., 1999., 84-бет
[3] А.Асқаров «Өзбекстан тарийхı» Т., 1996., 62-бет

ko`lemde izertlew isleri a`melge asırıldı. 1994-jıldan baslap estelikte o`zbek-german ekspeditsiyası jumıs alıp barmaqta.

Ko`p jıllıq izertlewler na`tiyjesinde saray, ibadatxana, tsitadel`din` bekinis diywalları, gu`lalshılar kvartalı, jasaw kvartalları ha`m eki mın`nan aslam qa`birler ashıp tekserildi. Alıng`an og`ada bay arxeologiyalıq materiallar Jarqutannın` b.e.sh II mın` jıllıqtın` ekinshi yarımında qala orayı bolg`anlıg`ın al onın` sotsiallıq du`zilisi klasslıq ja`miyet ekenligin ko`rsetedi.

Jarqutannın` tsitadeli (biyik bo`limi). U`sh gektarg`a jaqın maydang`a iye, esteliktin` arqa-batıs bo`liminde jaylasqan ha`m ayrıqsha bo`limdi quraydı. Bul jerde Jarqutan sarayınan basqa ko`p sanlı turaq jaylar tabılg`anın aytıp edik. Olar sarayg`a tutasıp ketken ha`m maydanı boyınsha saraydan 10-15 ese u`lken jerdi iyeleydi. Turaq jaylar 4-5 bo`lmeden ibarat bolıp, olarda bir patriarxal shan`araq ag`zaları jasag`an. Turaq jay bo`lmelirinin` diywallarında kamin-oshaqlar bar. U`yler tutasıp kvartallardı quraydı. Qurılıs materialları sıpatında qam gerbish ha`m paqsa paydalang`an. U`ylerdin` jolları ılay menen, ayırım jag`daylarda ganch penen sıbalg`an. Qazılma jumısları barısında og`ada bay arxeologiyalıq derekler alındı. Olardın` arasında gu`lal ıdıslar tiykarg`ı orındı iyeleydi. Idıslar og`ada na`zik, joqarı sıpatlı bolıp, konus ta`rizli, yaqlı bokallar, yarım sfera tu`rindegiler, jalpaq la`genler, tu`bekler sıyaqlı ha`r tu`rli tipte jasalg`an. Gu`laldı ku`ydiriwde eki yaruslı peshler paydalang`an. Usınday ıdıslar jasaytug`ın o`nermentshilik ustaxanası qaldıqları da qazıp tekserildi. Turaq jaylar ha`m xojalıq xanalarında gu`lal buyımlardan basqa ko`p sanlı bronzadan jasalg`an miynet quralları, aynalar bilezikler, oq jay ushları, shashqa tag`atug`ın tu`yrewishler, kosmetikalıq maqsette paydalanatug`ın bronza tayaqshalar, qasıqshalar, tas su`rme salg`ıshlar, ha`r tu`rli qımbat taslardan tayarlang`an tag`ınshaqlar ha`m tabıldı.

Eger Jarqutan sarayı esteliktin` arqa-batıs shetinde jaylasqan bolsa, qalanın` qubla-shıg`ısında en` biyik jerinde Jarqutan ibadatxanası jaylasqan.[1]

İbadatxana tuwrı mu`yeshli ko`riniste (44,5x60 m) bolıp, qalın`lıg`ı 4,5 m

---

[1] Шарипов Т.Ш. Ср. Азия во II тiсячелетия д.н.э. и протозороастризм. Т., 2002., 36-бет

sırtı diywal menen qorshalg`an. Ol b.e.sh. XV-XIV a`sirlerde qurılg`an. Shama menen b.e.sh. X a`sirde jasawın toqtatqan. Arxeologiyalıq kompleksler boyınsha usı da`wir ishinde ol u`sh xronologiyalıq basqıshtı basınan keshirgen. Biraq birinshi qurılg`an waqıttag`ı planirovkası tiykarınan o`zgermegen. Ha`zirgi ku`nde ibadatxana tolıq qazıp tekserilgen ha`m og`ada a`xmiyetli arxeologiyalıq materiallar alıng`an.

İbadatxana eki bo`limnen sıyınıw ornınan ha`m xojalıq bo`liminen turadı. Sıyınıw ornı tik mu`yeshli bolıp, maydanı 13x31m quraydı. Og`an sharapatlı ot saqlaw ornı (altar`), sharapatlı qudıqlar, g`a`ziyne bo`lmesi kiredi. Xojalıq bo`liminde sharapatlı suwsın tayarlaytug`ın bo`lme, jerlew u`skenelerin tayarlaytug`ın ustaxanalar ha`m ibadatxanag`a arnalg`an azıq-awqat qoyması bolg`an.

Arxeologiyalıq materiallar rasında diniy rituallarg`a bag`ıshlang`an keramikalar ayırıqsha orıng`a iye. Olar ayaqlı ıdıslar (bokallar), altar`lar shegiw ıdıslar. Ritonlar ha`m kublar. Idıslarda geometriyalıq nag`ıslar – u`sh mu`yeshlikler, romblar, qıysıq, du`ziw, tolqınlı sızıqlar, zoomorflı su`wretler quslar jayranlar, eshek, o`giz, jılan, qurbaqa, qaban, pıshıq, barıs, buzawbas, ha`m t.b. su`wretlengen. Olar belgili bir mag`ananı bildirgen ha`m anıq rituallıq wazıypalardı orınlag`an.[1]

A`yyemgi Xett ja`miyetinde «sıyınıw», «qurbanlıq shalıw», «oyıng`a tu`siw» ha`m t.b. diniy rituallardı orınlawdın`, o`z qag`ıydaları bolg`anlıg`ı belgili. Quslar a`yyemgi da`wirlerden baslap Orta Shıg`ısta diniy-rituallıq a`psanalarda en` ken` tarqalg`an obraz bolıp esaplanadı.

Arxeologiyalıq materiallar Orta Shıg`ıstın` ha`r tu`rli xalıqlarında quslar, aspan, quyash, gu`ldirmama, shamal, hasıldarlıq xa`m t.b. qudaylardın` simvolı bolg`anlıg`ın bildiredi. Xett mifologiyası boyınsha sem`ya u`sh bo`limnen – aspan, jer ha`m jer astınan ibarat bolıp, aspan bu`rkit penen jer pal ha`rresi

---

[1] Шарипов Т.Ш. Ср. Азия во II тısячелетия д.н.э. и протозороастризм. Т., 2002., 36-бет

menen jer astı jılan menen ten`lestirilgen.[1]

Hindistan ha`m Awg`anstannın` kushan da`wiri enerinde qus suw stixiyasın bildiredi. İran dereklerinde quslar en` joqarı danalıq ot ha`m quyash penen ten`lestiriledi. Ariylerdin` «Rigveda»sında quyash qudayı jaraqlıg`ı ha`m ot qudayı g`az sıpatında su`wretlenedi.

İbadatxananın` sharapxanasında zoomorflı ıdıs tabılg`an. Ol g`az tu`rinde islengen. Bul jerlerde ariylerdin` soma ishimligi tayarlang`an bolıwı mu`mkin. Shama menen bul rituallıq ıdıslar ishken Adam dawalawshı, shıpa beriwshi qa`siyetke iye bolg`an bolıwı mu`mkin.

B.A.Braginskiydin` pikiri boyınsha farna obrazı «baxıt dawlet»ti bildirgen. Jarqutan qus ıdısı qızıl boyaw menen sırlang`an. O`tmishte qızıl ren` ot ha`m quyash ra`mzi bolg`an. Hind ariy a`psanalarında quslar quyash ha`m ottı an`latqan. Hind mifologiyasında qurbanlıq alıp keliw ushın arnawlı imaratlardın` bolg`anlıg`ı haqqında aytıladı. Onda u`sh rituallıq oshaq bolıp, olardın` birewi qus tu`rinde bolg`anlıg`ı belgili.

Qoylardın, kiyiklerdin` su`wretleri Jaqın ha`m Orta Shıg`ıs o`nerindegi en` ko`p tarqalg`an motiv. Eshek ha`m o`giz og`ada a`yyemgi da`wirlerden baslap Shıg`ısta sharapatlı haywan esaplang`an. Jılan o`lim qudayın su`wretlegen bolıwı mu`mkin. İlimpazlardın` ayrımları Jarqutan ıdısları ha`m mo`rlerindegi haywanlardı totemler emes, al belgili bir qudaylardı bildirgen dep esaplaydı.[2]

Jarqutan qa`biristanı materialları a`yyemgi Baqtriyalıqlardın` bronza da`wirindegi ruwxıy du`n`yasın qayta tiklewde isenimli derek xızmetin atqarg`an. Jarqutanda katakomba, shun`qır tu`rindegi qa`birler menen birge tas yashiklerden da`stu`ri ha`m ushırasadı. Marxumlar bir ta`repke janbaslatıp, qol ayag`ı bu`gilgen jag`dayda jerlengen. Sapallıtepedegi sıyaqlı Jarqutanda da jerlew buyımlarına qarap bay qa`birlerdi ha`m a`piwayı qa`birlerdi ajıratıw mu`mkin. Urıw ko`semleri ko`milgen qa`birlerdin` ayırımlardag`ı buyımlardın` sanı 35 ke jetti. Qa`birlerdin` ko`pshiliginde 25% ke jaqın haywanlardın`

---

[1] А.Аскаров Типог оседлıх поселения бронзового века к истоки урбанизации на юге Узбекистане. Л., 1977., 126-бет

[2] Шарипов Т.Ш. Ср. Азия во II тıсячелетия д.н.э. и протозороастризм. Т., 2002., 39-бет

su`yekleri tabılg`an, tiykarınan qoy ha`m eshkinin` Jarqutan qa`biristanında bo`lek ko`milgen qozı, hayal menen ko`milgen ılaq, erkek penen ko`milgen qozı qa`birleri ushırasadı.

Ayırım qa`birlerde marxumlardın` su`yekleri anatomiyalıq ta`rtipte jaylaspastan, al bir jerge u`yip qoyılg`an. Jarqutannın` bekinisli diywalının` ishinde balanın` tek bas su`yegi salıp jerlengen xum tabıldı. Bul keyinirek zoroastrizm ja`miyetindegi ken` tarqalg`an su`yeklerdi go`shinen tazalap, jıynap ko`miw da`stu`rine biraz uqsap ketedi.

İbadatxanadan alıng`an arxeologiyalıq dereklerdi ha`m jerlew da`stu`rlerinde salıstırıp izertlew na`tiyjesinde T.Shirinov Jarqutan ibadatxanasın protozoroastrizm yag`nıy zaroastrizmnen aldıng`ı da`wirine sıyınıw ornı dep esaplaydı. Onın` pikiri boyınsha b.e.sh. II mın` jıllıqta Oraylıq Aziyada zoroastrizmnin` qa`liplesiwinen burın otqa, suwg`a ha`m xaomag`a sıyınıw da`stu`ri bolg`an xalıq dini bolg`an. Keyinirek usı xalıq dininen Zoroastrizm dini kelip shıg`adı.

## II bap: O`zbekstan ha`m Xorezm aymag`ındag`ı bronza a`siri

### 2.1. Bronza a`sirindegi ma`kan jaylandın` izertleniwi

Bronza da`wirinde Orta Aziyanın` sho`listanlıqları menen ken` dalan`lıqları sharwa qa`wimleri iyelegen edi. Olardın` ekonomikasının` turmıstın` negizin sharwashılıq ha`m alg`ashqı diyqanshılıq xojalıg`ı quraytug`ın edi. Bul qa`wim ja`miyetleri jasaytug`ın awıllar jen`il tiptegi yamasa qısqa mu`ddetli ma`kanlar bolıp, olar A`miwda`r`ya, Sırda`r`ya ha`m Zarafshannın` to`mengi alaplarında, Orta Aziya taw etekleri menen bawıraylarındag`ı suw boylarında jasaytug`ın edi. Bronza da`wirinde padashı qa`wimleri ken` taralg`an rayonlar negizinen Orta Aziyanın` sho`l zonası bolg`anı ushın bul qa`wim ja`ma`a`tleri arnawlı a`debiyatlardan «bronza a`sirinin` sho`l zonası qa`wimleri» degen at penen ju`ritiletug`ın boldı.

Belgili alım S.P.Tolstov 1930-jıldın` ortalarınan A`miwda`r`yanın` to`mengi alabında, a`yyemgi Xorezmde ken` ko`lemde arxeologiyalıq izleniwler alıp bardı ha`m bir qatar du`n`ya ju`zlik a`hmiyettegi jan`alıqlardı ashtı. Ol jan`a tas, bronza, antik feodalizm da`wirlerine tiyisli bir qatar tariyxıy orınlardı izertlep, bul jer tek bir Orta Aziya tariyxında emes, al Jaqın ha`m Orta Shıg`ısta ornıqqan ma`deniy oraylardan biri ekenligin da`lilleydi. Onın` qa`lemine tiyisli ilimiy shıg`armalar Orta Aziyanın`, atap aytqanda O`zbekstannın` tariyxın u`yreniwde biybaha derek sıpatında ha`zirge shekem o`zinin` a`hmiyetin joytqan emes. S.P.Tolstovtın` xızmetine tiyisli ashılıwlardan biri 1938-jılı A`miwda`r`ya eteklerinde a`yyemgi Xorezm jerinde tabılg`an Tazabag`jap ma`deniyatı edi.[1] Bul ma`deniyat ja`ma`a`tleri bronza da`wirinde payda boldı. Olar Tazabag`jap kanalı zonasında qısqa mu`detli bir neshe ma`kanlar qaldırıp ketken. Olardan tabılg`an arxeologiyalıq materiallar Qazaqstan, Qubla Sibir` sho`l ha`m dalalarında o`z padaları menen keship ju`rgen Andronova ma`deniyatına og`ada uqsap ketetug`ın edi. Keyingi jılarda A`miwda`r`yanın` Aqshada`r`ya o`zegi boylarında Tazabag`jap ma`deniyatına tiyisli ko`plegen tariyxıy orınlar tawıp u`yrenildi. Tazabag`jap ma`deniyatı

[1] С.П.Толстов «По древним дельтам Окса и Яксарта» М., 1962., 179-бет

a`yyemgi Xorezmge b.e.sh. II mın` jıllıqtın` ortalarında qa`liplesken. Bul ma`deniyattın` xalqı negizinen jerto`lelerde, ılashıqlarda jasap, sharwashılıq ha`m diyqanshılıq penen shug`ıllang`an.

Tazabag`jap baspanaları yarım jer to`le qa`lpinde qurılg`an, olardın` ortasha maydanı 12-18 kv metrge ten`. Baspananın` orayında oshaq jaylasqan. Oraylıq oshaqtın` a`tirapı shan`araq ag`zalarının` jatatug`ın bo`limi esaplang`an. Tazabag`jap baspanaları bir juplı shan`araqqa mo`lsherlengen. Olardın` arasında maydanı 100-120 $m^2$ qa ten` baspanalarda bolg`an. Olar bir ruw ja`ma`a`tleri ushın mo`lsherlengen. Tazabag`jap ma`deniyatına tiyisli siyrek gezlesetug`ın estelik Ko`kshe-3 qoyımshılıg`ı bolıp, ol jerde 1954-1955 jıllarda ken` arxeologiyalıq qazıw isleri alıp barıldı.

Ashılg`an qa`birlerde skeletler misli ananın` qursag`ında jatırg`anday on` yamasa shep qaptalında ayaq qolları bu`klengen halında bu`risip jatırg`an halında gezlesedi. Ha`r bir qa`birde bir yamasa bir neshe sapalı ıdıslar, erkekler qa`birinde bronza buyımlar, al hayallar qa`birinde bronza tag`ınshaqlar ushırasadı.

B.e.sh. II mın` jıllıqtın` ortalarında tap A`miwda`r`yanın` to`mengi alabında Zarafshannın` eteklerinde de sharwashılıq penen shug`ıllanıwshı ruw ja`ma`a`tlerinin` awılları boy tikledi. Olar da`slep 1950-jıllarda akademik Ya.G.Gulyamov ta`repinen Maxanda`r`ya alaplarında tawıp u`yrenildi.[1]

Ya.G.Gulyamovtın` To`mengi Zarafshandag`ı arxeologiyalıq izertleniwler 1960-jıllarda usı qatardın` avtorı ta`repinen dawam ettirildi. Alım basıp o`tken jol Zarafshan qurıp baratırg`an o`zekleri Maxanda`r`ya ha`m Gurdush da`r`yası boylap qayta ko`rip shıg`ıldı ha`m onlag`an jan`a arxeologiyalıq ob`ektler ashıldı.

Tabılmalardın` analizine ha`m ma`kanlardın` jaylasqan orınlarına qarag`anda b.e.sh. II mın`ınshı jıllıqtın` ekinshi yarımı dawamında Tazabag`jap ma`deniyatına tiyisli sharwa dala qa`wimleri Zarafshan esteliklerinde ken`

---

[1] Я.Г.Гулямов «История орошения Хорезма с древнейших времен до наших дней» Т., 1957., 41-бет

taralg`an. Olar negizinen sharwashılıq ha`m gu`nde diyqanshılıg`ı menen shug`ıllang`an. Sapal ıdıslar, olardın` pishini ha`m nag`ısları, isleniw ha`m pisiriw texnikası jag`ınan olar Tazabag`japlılılardan parq etpeytug`ın edi. To`mengi Zarafshan ruw ja`ma`a`tleri yarım jer to`le ha`m ılashıqlarda jasag`an. O`z qon`sıları Xorezmli Tazabag`japlılar menen jaqınnan ekonomikalıq ha`m ma`deniy, etnikalıq baylanısta bolg`an.[1]

Usı ma`deniyatqa baylanısı bar ruw ja`ma`a`tlerinin` izleri Zarafshannın` Navka (Kattaqorg`an) ha`m Mo`minabad (Urgut) awıllarınan da tawıp u`yrenildi.

B.e.sh. II mın` jıllıqtın` ekinshi yarımında Tashkent walyatının` taw aldı rayonları, qırlar dala zonası sharwa ha`m ruw ja`ma`a`tleri ta`repinen o`zlestiildi. Arxeologlar olardın` qısqa mu`ddetke mo`lsherlengen ma`kan jayların Tashkent qalası janındag`ı «Ashshı ko`l» a`tirapında, «Nikiforvlar jeri» dep ju`ritilgen Shıg`ıs dalalarında, yag`nıy Tashkent kanalı zonasında taptı. Biraq olardın` hesh birinde ma`deniy qatlam saqlanbag`an. Tek a`yyemgi awıl qarabaxanlarında sızılma nag`ıslı sapal sınıqları, bronzadan islengen u`y ruzgershilik buyımları ushırasadı. Geypara jag`daylarda ushrasqan qa`birler bolsa tap Ko`kshe-3 ha`m Gurdush qa`birlerindegidey skeletler on` yamasa shep qaptalında ayaq qolları bu`gilgen halında jatar edi. Olardın` qasında tu`rli tag`ınshaqlar ha`m ılaydan islengen gu`zeler bar.

Sho`l zonası qa`wimlerine tiyisli tariyxıy orınları a`sirese Ferg`ana oypatında biraz ken` u`yrenilgen. Bulardın` qatarına Ferg`ana walyatında Vodil ha`m Qaraqam ko`l awıllarınan tabılg`an a`yyemgi qoyımshılıqlardı, Xojant wa`layatı aymag`ına tiyisli Qayraqqum ha`m Daxan qoymıshılıqların kirgiziw mu`mkin. Qaraqqumda o`tkizilgen arxeologiyalıq izeniw jumısları 60 tan aslam jerde sharwa ruw ja`ma`a`tlerinin` qısqa mu`ddetli ma`kan jayların tawıp u`yreniw imkaniyatın berdi. Bul ma`kanlarda mın`lag`an sızılma nag`ıslar sapal ıdıslar sınıqları, bronza ha`m tastan islenengen miynet quralları, haywanlardın` su`yekleri gezlesti. Qayraqqumdag`ı a`yyemgi ma`kan jaylar negizinen u`sh

[1] «Қарақалпақстан тарийхы» 1-ТОМ Нөкис., 1975., 28-бет

orında tabıldı. Qayraqqumnın` batıs rayonı bolg`an Shorko`l a`tirapında, Taqır yagona dep atalg`an Oraylıq ha`m Shıg`ıs bo`liminde, olar ken` taralg`an. Geypara ma`kanlardı qazıw paytında jag`ılg`an otlardın` izleri tabıldı. Biraq bir jerde baspananın` qaldıg`ı gezlespedi. Ol jerlerde tabılg`an sapal ıdıslar o`zlerinin` nag`ısı, pishini qopal ha`m mortlıg`ı jag`ınan Tashkent oazisi, Zarafshan oypatı ha`m A`miwda`r`ya esteliklerinde u`yrenilgen bronza da`wirinin` dala qa`wimlerin esletedi. A`miwda`r`yanın` to`mengi alabında diyqanshılıqqa qolaylı jerlerde otırıqshı turmıs keshiriwge ma`jbu`rleytug`ın edi. Mine usınday turmıs qa`lpine beyim alg`ashqı ja`ma`a`tlerdin` izleri a`yyemgi Xorezm tariyxında A`mirabad ma`deniyatı atı menen ataldı. A`mirabad ma`deniyatına tiyisli taiyxıy orınlar 1940-jılı ataqlı alım S.P.Tolstov ta`repinen Qubla Qaraqalpaqstanda A`mirabad qanalının` esteliklerinde ko`shpeli qum basqan taqırlıqlarda birinshi ma`rte tawıp u`yrenilgen. A`yyemgi awıllardın` qarabaxanları erte feodal da`wrine tiyisli Yakka-Parson ko`shki a`tirapında jaylasqan edi. S.P.Tolstov A`mirabad ma`deniyatına tiyisli ma`kanlardan en` u`lkeni Yakka-Parson-2 dep atadı.[1] Alım bul ma`kanlardan materiallardın` b.e.sh X-VIII a`sirge tiyisli ekenligin da`lilledi. Bul ma`kanda ju`rgizilgen arxeologiyalıq qazıwlar waqtında 20 dan aslam yarım jer to`le pishindegi u`y qaldıqları ashılg`an. U`ylerdin` maydanı 100x150 $m^2$ qa shekem bolg`an. Ma`kan ha`m baspana maydanında ko`plegen sapal ıdıslar sınıqları, metall buyımlar ha`m ha`r qıylı tag`ınshaqlar gezlesedi. Sapal ıdıslar sırtına sızılma nag`ıs salıng`an. Nag`ıslardın` u`stine qızıl ren` ju`rgizilip, u`sti pardozlang`an. Metall buyımlar negizinen oraq, pıshaq, jez ayna, iyne, bizlerden ibarat bolıp, olar tas qa`liplerde quyılg`an.

Bul da`wirdin` sotsiallıq turmısı ha`m diniy tu`siniklerin u`yreniwde sol da`wirlerdin` klassik eteligi bolg`an Tagisken ayırıqsha dıqqatqa ılayıq. Tagisken to`beshigi Sırda`r`yanın` to`mengi ag`ısındag`ı İnkar da`r`yasının` on`

---

[1] С.П.Толстов «Древний Хорезм» М., 1948., 114-бет

jag`asında jaylasqan A`mirabad ma`deniyatına tiyisli mavzoley edi.[1] Tagisken to`beliginde 20 g`a jaqın ha`r qıylı u`lken kishi qa`bir qorg`anlar jaylasqan. Bul qa`bir qorg`anlar eki da`wirge tiyisli bolıp, olardın` bezewinde arxeologiyalıq qazıw jumısları o`tkerilgen. Solardan to`rtewi son`g`ı bronza da`wirine, al birewi b.e.sh. VI-V a`sirge tiyisli saklardın` qa`birine tiyisli.

Son`g`ı bronza da`wirine tiyisli qa`bir qorg`anlar negizinen qam gerbishten qurılg`an mavzoley tipindegi go`rler bolıp olardın` ha`r birine irgeles etip yamasa jaqınlatıp kishkene go`rler islengen. Bir mavzoleydin` a`tirapında mine usınday qa`birlerden jetewi, al basqa birewinde altı, u`shinshisinin` a`tirapında u`sh qa`bir ashıldı. Bul jerde u`yrenilgen qa`bir-qorg`anlardın` en` u`lkeni 6 mavzoley bolıp onın` tırnag`ı kvadrat pishinde, al u`stki jag`ı gu`mbez ta`rizli etip jabılg`an. Bul mavzoley bir qarag`anda ju`da` u`lken qara u`ydi esletedi. Onın` ishki maydanı 50 kv metr bolıp, bir yarım metr jerdin` astına tu`sirilgen. Negizi kvadrat al u`sti shen`ber pishinde etip o`rilgen. Mavzoleydin` a`tirapının` qalın`lıg`ı to`rt metrge shekem bolg`an gerbish diywal menen qorshalg`an. Bul sırtqı diywal menen mavzoley diywalının` aralıg`ında jolaq bar bolıp, onın` ken`ligi 2 m keledi. La`ha`ttin` diywalı ishki jag`ınan qamıs penen qorshalıp onın` u`stine gilem jabılg`an. Al edenine boyra to`selgen. Mavzoley gu`mbez ta`rizli tamı da ag`ash karkas ha`m qamıs penen bastırılg`an. Qalg`an u`sh mavzoley de qurılıs joybarı jag`ınan tap altınshı mavzoleyge uqsas bolıp, tek ko`lemi jag`ınan onnan kishirek. Barlıq mavzoleylerge Shıg`ıs ta`repten kiriledi. Mavzoleylerdin` bul ta`rtipte qurılıwı a`yyemgi Xorezm ha`m Aral boyı qa`wimlerinin` diniy isenimine baylanıslı edi.

Mavzoleylerde o`tkerilgen arxeologiyalıq izeniwleri sonı ko`rsetti, olardın` ha`mmesi de derlik o`z waqtında urlang`an. Ma`selen, altınshı mavzoleydi alıp qarayıq. Mavzoleydin` qam gerbishten islengen arxitekturalıq negizi saqlang`anı menen onın` qamıs penen bastırılıp, sabanlı ılay menen sıbalg`an

---

[1] А.Аскаров., Т.Ш.Ширинов «Ранняя городская культура эпохи бронза юга Средней Азии» Самарканд, 1993., 20-бет

to`besi, ishkerisindegi diywalg`a jabıstırılg`an qamıslar janıp ketken.

Altınshı mavzoley urlang`an bolıwına qaramastan, onın` go`rxanasınan ha`m jolaqlarınan ko`p zatlar tawıp alındı. Biraq qımbat bahalı zatlar – altın, gu`mis ha`m hasıl taslardan islengen predmetler, diywallarg`a qag`ılg`an gilemler urlap alıp ketilgen. Tek qımbat bolmag`an son` urılardı qızıqsındırmag`an yamasa asıg`ıs tu`rde urlaw paytında tu`sip qalg`an geypara materiallıq da`liller g`ana qalg`an. Bizin`she urılar ketip baratırıp mavzoleyge ot berip jibergen bolsa kerek. Sebebi Tagisken mavzoleyinin` to`besin jabıw ushın isletilgen ag`ashlar menen qamıslar tolıq janıp ketpegen. Bunnan tısqarı ku`yip yamasa shala ku`yip qalg`an adam skeletleri de mavzoleyde gezlespedi. Ba`lkim, o`lilerdin` denesi ayrım krematsiya bo`lmesinde ku`ydirilip, olardın` ku`li g`ana jerlengen bolıwı mu`mkin. Mavzoleyden 60 sapal ıdıs-tabaq, gu`ze ha`m tu`bekler tawıp alındı olardın` sırtına geometriyalıq sızıqlar menen nag`ıs salıng`an. Geybir ıdıslardın` moynına qır do`gerek juqa altın jalatılg`an. Mavzoleyden 100 den aslam bronza mıyıqları da tabıldı. Bul mıyıqlar menen go`rxananın` diywalına gilemler qag`ılg`an. Ja`ne bir neshe altın bezekler, basına juqa altın qaplama quyılg`an mıs mıyıqlar, tas monshaqlar ha`m altın sırg`alar, bronzadan islengen birneshe oq jay og`ının` ushları tawıp alındı. Bulardın` ko`pshiligi qa`birge tu`sken urılır alıp u`lgermegen yamasa olar joytıp alg`an materiallıq da`lliler edi, sebebi olar qa`birde o`z ornında turmag`an.

Mavzoley o`zinin` sawlatı ha`m ishki mazmunı boyınsha sol zaman qa`wim aqsaqalının` qa`biri bolg`an. Ol jerge aqsaqal menen birge onın` shan`araq ag`zaları, xızmetshileri birge ko`milgen al besinshi mavzoleyde arqa jag`ına irgeles etip qurılg`an bir qa`birden 40 bir-birinen shıraylı sapal ıdıslar, altın sırg`alar ha`m monshaqlar tabıldı. Ba`lkim bul qa`bir ruw aqsaqalının` qa`biri bolsa kerek.

S.P.Tolstov Tagisken mavzoleylerinen tabılg`an materiallıq da`lillerdi ha`r ta`repleme analiz etip, Tagisken to`beliginin` en` a`yyemgi qa`birleri b.e.sh. X-VIII a`sirlerge jatadı degen juwmaqqa keldi. Shınında da tap sog`an uqsag`an

ha`m sog`an jaqın ko`riniske iye mavzoleyler Qıpshaq dalası boylap ken` tarqalg`an ha`m olar Altay ja`ne Qubla Sibir`de de ushırasadı.

B.e.sh. X-VIII a`sirler Oraylıq Aziya sharwalarının` turmısında tu`pkilikli sotsial-ekonomikalıq o`zgerisler ju`z bergen da`wir bolıp, olar qıyralıp baratırg`an alg`ashqı ja`ma`a`t jerinde mu`lk ten`sizligi, klasslıq qatlamlasıw protsessinin` jedelleskenliginen derek beredi.

O`zbekstan topırag`ındag`ı bronza da`wiri qa`wimleri bir ka`lipte rawajlang`an emes. Bul basqıshta Surxanda`r`ya, Zarafshan alabı ha`m Xorezmnen ibarat u`sh u`lkede en` a`yyemgi ma`kanlar tabılg`an. Ha`r qaysı u`lkenin` ma`deniy rawajlanıwında o`zine ta`n o`zgeshelikleri bar. Bul ma`deniyatlar diyqanshılıq-sharwashılıq penen shug`ıllang`an qa`wimlerge tiyisli. Olar bir-birinen ajralg`an halda rawajlang`an emes, al qa`wimler arasında ken` ma`deniy qatnaslar bolg`an.

Xorezmde tawıp izertlengen sharwashılıq-diyqanshılıq penen shug`ıllang`an qa`wimlerdin` ma`deniyatı ilimde Tazabag`jap dep ataladı.[1] 1938 j belgili ilimpaz S.P.Tolstov ta`repinen ajıratılg`an Xorezm esteliklerin izertlewde M.A.İtina, V.V.Andrianov, G.Gulyamovtın` miynetleri belgili orın tutadı. Tazabag`japtın` arxeologiyalıq materiallar Qazaqstan ha`m Qubla Sibir`degi ko`shpeli sahar qa`wimlerinin` Andronov ma`deniyatı ha`m Shıg`ıs Evropadag`ı Srub ma`deniyatı materiallarına uqsap ketedi. Qa`wimler tiykarınan jerto`lelerde, lashıqlarda jasap sharwashılıq penen ıg`allı jerlerdi o`zlestirip diyqanshılıq penen shug`ıllang`an.

Tazabag`jap baspanaları yarım jer to`le u`lgisinde qurılg`an, olardın` ortasha maydanı 12-18 kv metrge ten`. U`ydin` ortasında oshaq ornalasqan. Shan`araq ag`zaları oshaqtın` aynalasında jatıp turg`an. Jerto`lelerde haywan su`yekleri, gu`lal ıdıslar, tastan ha`m bronzadan islengen qurallar tabıldı. Gu`lal ıdıslar qoldan jasalg`an ha`m tiykarınan qazan ha`m tu`bek ta`rizli bolıp, tu`rli geometriyalıq sızıqlar menen nag`ıslang`an.

Usı ma`deniyatqa tiyisli Kavat-3 ma`kanınan bronzadan qural jasaw

[1] М.Мамбетуллаев., О.Юсупов «Қарақалпақстан тарийхı» 1-китап Нөкис., 2002 24-бет

ustaxanasının` izleri tabılg`an.[1] Ko`kshe-3 ma`kanı a`tirapında a`yyemgi mazarlar ha`m qazıp tekserilgen. Qa`birlerdegi marxumlardan ayaq-qolları bu`gilip, basları batısqa qaratılıp, bir ta`repine jatqızıp ko`milgen. O`likler menen qosıp gu`lal ıdıslar, erlerdin` janına bronza buyımlar, hayallarg`a tag`ınshaqlar qosıp ko`milgen. Antropologiyalıq jaqtan Tazabag`japlılar evropoyd rassasına tiyisli. Ayırımları Andronova qa`wimlerine, ayırımları Orta Aziyanın` jergilikli xalqına (Kel`teminarlılarg`a) uqsap ketedi.

Xorezmde izertlengen son`g`ı bronza da`wir esteliklerinen materiallıq ma`deniyatı arxeologiyada A`mirabad atı menen ataldı. Ol b.e.sh. II mın` jıllıqtın` aqırı – b.e.sh. I mın` jıllıqtın` bası menen sa`nelenedi. A`mirabad qa`wimleri Tazabag`japlılardın` ma`deniy da`stu`rlerin dawam etken. Olar yarım jer to`lede jasap, gu`lal, ıdıslardı qolda jasag`an. Bronza buyımlarınan oraqlar, oqjaylar quyılg`an tas qa`lipleri tabılg`an.

Xorezmdegi bronza da`wiri xalqının` tiykarg`ı tirishilik deregi diyqanshılıq ha`m sharwashılıq bolg`an. Ta`biyiy sha`rayat kanal qazıp suwg`arma diyqanshılıq etiwge mu`mkinshilik bergen. Sharwashılıq ha`m u`lken a`hmiyetke iye bolg`an.

O`nermentshiliktin` gu`lalshılıqtın`, metalshılıq, toqımashılıq tarawları rawajlang`an. Rawajlanıwdın` A`mirabad basqıshında Xorezm qa`wimleri o`mirinde tu`pkilikli ja`ma`a`tli ekonomikalıq burılıs baslanadı. Yakka-Parsan-2 materialları usta o`nermenshilerdin` payda bolg`anlıg`ın, al Tagisken qa`biristanı ja`ma`a`tte mu`lik ten`sizliginin` payda bolg`anlıg`ın bildiredi. Tazabag`jap ma`deniyatı jaqın elatlar ha`m qa`birler Zarafshannın` to`mengi ag`ımındag`ı Zamanbaba ko`li a`tirapında Ferg`ana alabında ha`m Samarqandqa jaqın jaylasqan Mominabad awılı da izertlendi.

Arxeologlardın` pikiri boyınsha bronza da`wirlerinde Zarafshanda suw az bolg`an. Bul jerdegi qa`wimler tiykarınan sharwashılıq penen shug`ıllang`an. Diyqanshılıq tek tasqın suw na`tiyjesinde payda bolg`an ıg`al jerlerde rawajlang`an. Zarafshan qa`wimlerinin` materiallıq ma`deniyatı arxeologiyada

[1] Қарақалпақстан АССР тарийхı I-том., Нөкис., 1975., 29-бет

Zamanbaba atı menen ataladı. Esteliklerdi izertlewde Ya.G.Gulyamov ha`m A.A.Askarovtın` xızmetleri ayrıqsha orıng`a iye.[1]

Zamanbaba ko`li janında a`yyemgi qa`birstan ha`m ma`kan tawıp tekserilgen. Qa`biristanda 45 ten artıq qa`bir qazıp izertlendi. Onın` segizinde jup ha`m 28 qa`birde jeke skeletler menen birge jas bala qosıp ko`milgen. Qa`birler a`piwayı shun`qırlardan ha`m katakomba tu`rinde ko`milgen. Marxumlar ayaq-qolları bu`gilgen halda bir ta`repke janbaslatıp ko`milgen. Erkekler qa`birlerinen alıng`an tabılmalar arasında ko`birek gu`lal ıdıslar, tastan jasalg`an oq jay ushları ha`m nayza ushları, pıshaq ta`rizli plastinalar ushıraydı. Hayallar qa`birlerinde qımbat baha taslardan (lazurit, feruza, sardolik) jasalg`an monshaqlar, mıs aynalar, hayal ha`ykelsheleri tabıldı.

Turaq jaylar yarım jerto`lelerden turadı. Olardın` birinin` uzınlıg`ı 23,5 m, eni 9 m, teren`ligi 1m bolıp ishinde oshaq orınları, haywan su`yekleri, miynet quralları ha`m u`y ruzgar a`sbaplarının` sınıqları tabıldı. Yarım jerto`le janında gu`lal ıdıslar, xum qaldıqları ushırasadı. İri qaramal, qoy ha`m eshki su`yekleri adamlardın` Zamanbaba ko`li a`tirapındag`ı jaylawlarda sharwashılıq penen shug`ıllang`anlıg`ın bildiredi. Jabayı haywan su`yekleri tabılmalarına qarag`anda an`shılıq qılıw qosımsha ka`sip bolg`an bolıwı kerek.

To`mengi Zarafshan qa`wimlerinin` ekonomikasında diyqanshılıq u`lken a`xmiyetke iye bolg`an. Tastan jasalg`an saplı oraqlar, keli sınıqları, biyday ha`m arpa da`nleri, shirip ketken saman qaldıqları ko`p tabılg`an.

Zamanbaba ma`deniyatında ha`m ata urıwı qa`lipleskennen keyin ja`miyetlik du`zimde u`lken o`zgerisler bolg`an. İlimpazlardın` pikiri boyınsha bul elatlarda u`lken ja`maat ag`zaları jasag`an. Ja`maat tiykarınan eki kishi shan`araq qurag`an. Bir turaq jayda jasag`an urıw ag`zaları xojalıq islerin birge orınlag`an.

Oraylıq Aziyanın` qola a`siri xalqı bo`lek-bo`lek rawajlang`an emes. Qa`wimler ortasında ken` ekonomikalıq baylanıslar bolg`anlıg`ın materiallıq

---

[1] Я.Гулямов., У.Исламов., А.Аскаров «Первобiтная культура в низовьях Зарафшана» Т., 1966., 51-бет

derekler ko`rsetip turıptı.

Zamanbaba qa`biristanınan tabılg`an ayırım monshaqlar Badaxshan lazuritinen jasalg`an. Zamanbaba tabılmalarında sho`l zonası qa`wimleri ma`deniyatına ha`m qubla otırıqshı ma`deniyatına ta`n belgiler ushırasadı. Olar bir-birinen ajıralıp turadı. Sol sebepli ma`deniy jaqınlıq ekonomikalıq ha`m ma`deniy baylanıslar tiykarında bolıwı mu`mkin. Ekinshi ta`repten bul To`mengi Zarafshanda arqa-shıg`ıs sharwa qa`wimlerinin` jayılıwı menen baylanıslı bolıwı mu`mkin. Bronza da`wirinde jasaw territoriyaları ken`eyip barg`an. Metallurgiya, diyqanshılıq ha`m sharwashılıq joqarı da`rejede rawajlanıwı menen birge, jan`a ruda ka`nleri, suwg`arılatug`ın jerler ha`m ken` jaylawlarg`a a`yyemgi qa`wimler mudamı mu`ta`j bolıp turg`an.

Orta Aziya da`r`yaları – Sırda`r`ya, A`miwda`r`ya, Zarafshan, Murg`ab, Vaxsh, Panj boylap ekonomikalıq-ma`deniy baylanısları ha`m jan`a jerlerge ko`shiw jolları payda boladı.[1] Bul jollarda ayırım jag`daylarda qa`bir-qorg`anlar ha`m qa`birler ushırasıp turadı.

Sharwa qa`wimlerine tiyisli qola a`siri qa`birleri Samarqand jaqınındag`ı Mominabad awılında qazıp tekserildi. Ol jerden tu`rli tabılmalar, sonın` ishinde gu`lal ıdıslar, bronza, ayna, mıs bilezik ha`m t.b. shıqtı.

Zarafshan tawları janındag`ı Qaratepa massivinde jaylasqan ja`ne bir bronza a`sirine tiyisli estelik – Sazag`an ma`kanın aytıp o`tiw kerek. Onda tawıp izertlengen materiallıq derekler tastan ha`m bronzadan jasalg`an qurallar, haywan su`yekleri qaldıqları ha`m t.b. tabılmalar O`zbekstannın` tawlı rayonlarında sharwashılıq ha`m an`shılıq xojalıqları rawajlang`anınan derek beredi.

B.e.sh. II mın` jıllıqtın` ekinshi yarımında O`zbekstannın` sahra rayonlarında sharwa qa`wimleri ornalasadı. Olardın` materiallıq derekleri Qubla Sibir` ha`m Qazaqstannın` sho`llerinde jasag`an Andronovo qa`wimleri ma`deniyatına uqsap ketedi. Sahra qa`wimlerinin` tarqalg`anlıg`ınan, a`sirese,

---

[1] А.Аскаров., Т.Ш.Ширинов «Ранняя городская культура эпохи бронза юга Средней Азии» Самарканд, 1993., 21-бет

gu`lal ıdıslar, metall buyımlardın` tu`rleri, jerlew da`stu`rleri derek beredi.

To`mengi Qashqada`r`ya boyında bronza da`wirine qaraslı Gujaylı qa`biristanı ashıp izertlengen. Qa`birlerden qoladan jasalg`an bilezikler ha`m geometriyalıq nag`ıslar sızılg`an gu`lal ıdıslar tabıldı. Gujaylı tabılmalarında Zamanbabanın` ma`deniy ta`sirin ko`riw mu`mkin. Bul jerde de sharwashılıq ha`m diyqanshılıq ja`miyeti rawajlanıwında u`lken a`hmiyetke iye bolg`an. U`y sharwashılıg`ı ornına jaylawlarda bag`ılatug`ın sharwashılıq kelip shıkqan.

Bronza da`wirinin son`g`ı basqıshına qaraslı estelikler Ferg`ana oypatlıg`ında tawıp izertlengen. Da`slepki estelik 1951-jılı M.E.Voronets ta`repinen ashılg`an. Keyinirek bul jerde V.İ.Sprishenskiy, B.Matbabaevlar ken` qazıw jumısların alıp bardı[1] ha`m son`g`ı qola a`sirine ha`m erte temir da`wirine tiyisli ko`p sanlı elatlar ha`m qa`biristanlardı izertlep shıqtı. İlimpazlar Ferg`ana esteliklerin Chust ma`deniyatı dep atadı. Xa`zirgi kunde Chust ma`deniyatı esteliklerinin` sanı 80 nen asıp ketti. Olar tiykarınan Namang`an ha`m Andijan walayatlarında ken` tarqalg`an ha`m tariyxıy-topografiyalıq quramına qaray 2 tu`rge bo`linedi.

1. Maydanı bir gektarg`a shekemgi kishi elatlar. Olardın` ha`r qaysısı bir shan`araqlıq ja`maatinin` tiykarın qurag`an.

2. Maydanı 10 gektarday ha`m onnan u`lken elatlar. Olar ha`r bir suwg`armalı diyqanshılıq rayonlarında birewden ushırasadı. Olardın` a`tirapında onlag`an kishi elatlardı ko`riwge boladı. Usınday iri oraylar sıpatındag`ı elatlarg`a Dalvarzintepa ha`m Ashkaltepa jatadı. Olar tiykarında Ferg`ananın` da`slepki qalaları payda boladı. Son`g`ı bronza da`wirine tiyisli qatlamlarda erte diyqanlardın` yarım jerto`leleri ha`m ılashıqlar qaldıqları tabılg`an. Olardan bronza oraqları, pıshaq, biz, ayna sıyaqlı tabılmalar alındı. Tas miynet quralları ha`m tez-tez ushırasıp turadı. Gu`lal ıdıslar ele qoldan jasalg`an. Esteliklerden arpa, biyday, tarı da`neleri ushın qazılg`an uralar tabılg`an.

Chust ma`deniyatı xalqı dene du`zilisi ha`m antropologiyalıq belgileri

---

[1] Б.Х.Матбабаев Локальнıе вариантı чустской культурı Ферганı. Л., 1985., 13-бет

boyınsha evropoyd rassasına kiredi ha`m Orta Aziyanın` shıg`ıs-iran tilles jergilikli xalqı bolıwı kerek.

Bronza da`wrine tiyisli qa`wimlerden arxeologiyalıq estelikleri Qubla O`zbekstanda (arqa Baqtriya) tawın izertlegen. Sapallıtepe, Jarqutan, Bustan, Mulali sıyaqlı bir qatar elatlar ken` ko`lemde alıp barılg`an qazıw jumısları bul jerde materiallıq ma`deniyatı belgileri boyınsha a`yyemgi Shıg`ıs u`lgisindegi erte qala tsivilizatsiyaları qatarına kiretug`ın Sapallı ma`deniyatın ajratıwg`a mu`mkinshilik berdi. Sapallı ma`deniyatı esteliklerin izertlew Qubla O`zbekstannın` b.e.sh. II mın` jıllıqtın` ekinshi yarımında erte qala ma`deniyatının` orayı bolg`anlıg`ın ko`rsetti ha`m Arqa Baqtriya erte klasslıq ja`ma`a`ti qala ma`deniyatının` genezisi mashqalasın anıqlawda aytarlıqtay du`zetiwler engizdi. Onı izertlewde ilimpazlar A.A.Askarov, B.N.Abdullaev, T.Sh.Shirinov, L.İ.Al`baumlar qatnastı. To`mende biz Sapallı ma`deniyatının` tiyikarg`ı esteliklerine ha`m olardan alıng`an materiallıq dereklerge ken`irek toqtap o`temiz.

## 2.2. Sapallıtepe ma`deniyatının` materiallıq derekleri

Ko`p jıllar dawamında alıp barılıp atırg`an arxeologiyalıq izertlewler Qubla O`zbekstanda 20 dan aslam Sapallı ma`deniyatına tiyisli esteliklerdi ashıwg`a alıp keldi. Olardan 15 Ulanbulaq ha`m Bostansay da`r`yaları tiykarında payda bolg`an. Sherabad kishi alabında ashılg`an. Esteliklerdin` ishinde Sapallıtepe ken` ko`lemde ha`m ha`r ta`repleme izertlep shıg`ıldı. Jarqutan, Bustan, Molalı sıyaqlı basqa da iri esteliklerden qazılma jumısları ha`zirgi waqıtqa shekem dawam etpekte. Bulardan alıng`an arxeologiyalıq derekler ilimpazlarg`a Sapallı ma`deniyatın a`yyemgi Shıg`ıs u`lgisindegi erte qala tsivilizatsiyası dep sıpatlawg`a mu`mkinshilik berdi.

Sapallı ma`deniyatının` xronologiyalıq basqıshlarg`a bo`lingen arxeologiyalıq da`wirlestiriliwi islep shıg`ıldı. Ol to`rt basqıshtan ibarat.[1]

1. Sapallı – b.e.sh. 1700 – b.e.sh. 1500-jıllar.
2. Jarqutan – b.e.sh. 1500 – b.e.sh. 1350-jıllar.
3. Kuzali – b.e.sh. 1350 – b.e.sh. 1200-jıllar.
4. Molalı – b.e.sh. 1200 – b.e.sh. 1000-jıllar.

Bunnan tısqarı Sapallı ma`deniyatı qa`wimlerinin` xojalıg`ı, ja`ma`a`tlik du`zimi ha`m olardın` Orta Aziyadag`ı a`yyemgi diyqanshılıq ha`m Arqa sharwa qa`wimleri menen etnikalıq ha`m ma`deniy baylanısları boyınsha bahalı mag`lıwmatlar alındı.

Arxeologiyalıq materiallar Sapallı ma`deniyatı qa`wimlerinin` xojalıg`ı qoldan suwg`arıwg`a tiykarlang`an diyqanshılıq bolg`anlıg`ın ko`rsetedi. Olar otırıqshı turmıs keshirip biyday ha`m arpadan tısqarı tarı, paxta, ha`m ha`r tu`rli miyweler ekken. Sapallı turg`ınları diyqanshılıqqa qosımsha u`y sharwashılıg`ı menen shug`ılang`anlıg`ı anıq. Elatlar territoriyasının` derlik ha`mme jerlerinen tabılg`an u`y haywanları su`yekleri, olardın` iri qara mal, qoy, eshkileri bolg`anlıg`ın ko`rsetedi.

Bul jerdegi estelikler o`zlerinin` sırtqı ko`rinisindegi belgileri boyınsha u`sh tu`rge bo`linedi. Birinshisi – esteliktin` orayında yamasa bir mu`yeshinde

[1] А.Асқаров «Сапалитепе» Т., 1973., 136-бет

bekinisli qala bolıp og`an elattın` bekinisli territoriyası qosılıp ketedi. Bul tu`rge maydanı 4 gektar bolg`an Sapallıtepe ha`m ulıwma maydanı 100 gektarg`a jaqın Jarqutan kiredi. Sapallıtepenin` ayırıqsha belgisi – qalanın` anıq ko`zge taslanatug`ın geometriyalıq planirovkası, (82x82 m) marxumlardı qala territoriyasında jerlew da`stu`ri ha`m elattın` sırtında arnawlı qa`biristannın` bolmawı. Jarqutan esteligi tsitadel` (44,5x60 m) ken` territoriyag`a jayılg`an bekinissiz elatlar ha`m bo`lek jaylasqan qa`biristannan ibarat. Qala mu`yeshlerinde ha`m diywallar boylap minaralar qaldıqları saqlanıp qalg`an. Bunday tiptegi elatlar Arqa Aug`anstannın` Aqchin alabında tawılıp izertlengen.

Ekinshi tu`rindegi elatlar bekinis diywallarına iye emes ha`m onsha u`lken emes to`beshikler tu`rinde tarqalg`an. Bul to`beshikler tiykarınan bir yamasa birneshe ko`p xanalı u`ylerdin` qarabaqanalı na`tiyjesinde payda bolg`an. Qul`-tepa, Kichik-tepa, Bustan 4, Molalı, Mirshadi usınday elatlar qatarına jatadı. Olardın` maydanı 0,2 ga dan 1,5-2 ga ga shekemgi aralıqta.

U`shinshi tu`rdegi elatlar onsha u`lken emes, biyik bekinisli, maydanı 0,5 ga shekemgi elatlar. Olar biyik paxsa yamasa gerbish platformada qurılg`an u`lken bekinisli u`yler tu`rinde bolıp, u`sh aylanba qorg`anıs diywalları menen aylanba da`liz benen qorshalg`an. Kuchuk-tepa, Bandixan usınday elatlar qatarına jatadı.

U`shinshi tu`rdegi elatlar Sapallı ma`deniyatı shegarasınan tısqarı bolıp, erte temir a`sirine tiyisli.[1] Estelikler b.e.sh. IX a`sirler menen sa`nelenedi. Sog`an qarag`anda bronza da`wirinde Qubla O`zbekstanda Sapallı, Jarqutan u`lgisindegi qorg`an-qalalar payda bolg`an. Olar qurılısı ushın ta`biyiy biyik jerler tan`lap alıng`an. Olardın` a`tirapında mayda bekinissiz elatlar jaylasqan. Bunday erte qala kelbetinde elatlar b.e.sh. II mın` jıllıqtın` ortası ha`m ekinshi yarımında, yag`nıy Sapallı ma`deniyatının` Sapallı ha`m Jarqutan basqıshlarında qa`liplesedi. Keyinirek b.e.sh. I mın` jıllıqtın` birinshi

[1] Ш.Б.Шайдуллаев «Северная Бактрия в эпоху раннего железного века» Т., 2000., 101-бет

shereginde (erte temir a`sir) bekinisli qola qorg`anlar ha`m qam gerbishten o`rilgen biyik platformalarda qurıla baslaydı.

Sapallı ma`deniyatının` turaq jay qurılısında paxsa ha`m qam gerbish arxitekturası ta`n. Qalalardag`ı u`yler ko`sheleri arqalı kvartallarg`a bo`lingen. Eger sapalı basqıshında jaylar qalanın` ishinde toparlasqan bolsa, Jarqutan basqıshında turaq jaylar massivleri biraz shashırap jaylasqan ha`m qalanın` sırtında da taralg`an.

Jıynalg`an derekler Sapallı ha`m Jarqutanda o`nermentshiliktin` joqarı rawajlang`anlıg`ınan gu`walıq beredi. A`sirese gu`lalshılıq o`ndirisi, bronza metallurgiyası, zergerlik o`neri, qurılıs arxitekturası, toqımashılıq, ag`ashsazlıq, tas ha`m su`yek ustashılıg`ı ken` tarqalg`an. O`nermentshilik tiykarg`ı xojalıq tarawları bolg`an diyqanshılıq ha`m sharwashılıq penen birge ja`miyettin` ekonomikalıq tiykarına qurg`an. Joqarg`ı sıpatlı o`nimnin` og`ada ko`pligi gu`lalshılıq o`ndirisinin` sapallı basqıshının` o`zinde-aq qa`nigeleskenligin ko`rsetedi. Keramikalıq buyımlardın` na`zikligi ha`r tu`rliligi, olardın` tayarlaw ha`m ku`ydiriwdin` da`rejesi, ıdıs formalarının` og`ada shıraylılıg`ı ha`m standartlıg`ı gu`lalshılıq texnologiyası da`rejesinin` joqarılıg`ın bildiredi. Eki yaruslı u`lken ku`ydiriw peshler gu`lalshılıq tarawının` joqarı texnologiyasına sa`ykes keledi ha`m olardan tayarlanıp shıqqan o`nimnin` «tovarlıq» sıpatqa iye bola baslag`anlıg`ınan derek beredi.

O`nermentshiliktin` metallurgiya ha`m zergerlik tarawında da biz usınday qa`nigelesiwi ustashılıqtın` baslang`anlıg`ın ko`remiz. Turaq jaylardan ha`m qa`birlerden tabılg`an ko`p sanlı bronzadan jasalg`an zatlardın` ishinde u`y ruzger buyımlarınan baslap a`skeriy qural-jaraqlarg`a, kosmetikalıq ıdıslarg`a shekem bar. Hayallardın` tag`ınshaqları ha`m aynalar, nag`ıslang`an tamg`alarg`a iye mo`rler ha`m bronzadan quyılg`an. Bunnan tısqarı qımbat bahalı taslardan ha`r tu`rli bezekler – bilezikler, qalqalar, monshaqlar jasalg`an. Bronzadan jasalg`an barlıq buyımlar o`zinin` anıqlıg`ı menen ha`m sıpatı menen ko`zge taslanadı. Metall buyımlarg`a talaptın` ku`shliligine baylanıslı metallurgiya ja`miyetinin` ayırıqsha itibarına iye bolg`an, sol sebepli bul taraw

payda bolg`annan baslap qa`nigelese baslaydı. .

Sapallı ma`deniyatı qa`wimlerinin` ja`miyetlik du`zimin ashıp beretug`ın tiykarı demek bul materiallıq ma`deniyat rawajlanıwındag`ı ko`zge taslanatug`ın jan`a elementler ha`m qa`birlerden alıng`an materiallar bolıp tabıladı. A`lbette otırıqshı-diyqanshılıq xojalıg`ının` joqarı rawajlanıwı, o`nermentshiliktin` ayırım tarawlarının` qa`nigelesip barıwı, o`z gezeginde, ayırım ja`miyetlik o`zgerislerge alıp keledi. Sapallıtepe I kvartaldan turatug`ın urıwlıq elat bolıwı ha`m mu`mkin. Burın Murg`ab oazisinde jasag`an ha`m Qubla O`zbekstang`a ko`ship kelgen bul qa`wimler jan`a qon`ısta bekinisli qala qurıp ha`r bir kvartaldan birge qatardag`ı qa`birler menen bay jerlew buyımlarına iye qa`birlerdin` bolıwına qarag`anda iri patriarxal shan`araqlar bir qa`wimge birlesip, olar aqsaqallar ta`repinen basqarılg`an bolıwı kerek. Biraq alıng`an materiallarda keskin mu`lk ten`sizligi gu`zetilmeydi. «Avesta» ja`miyetinin` sotsiallıq du`zimi menen salıstırg`anda Sapallı basqıshındag`ı ja`miyet odan biraz parq qıladı. Avesta ja`miyetinde ja`miyet anıq sotsiallıq qatlamlarg`a bo`linedi ha`m baylıq maldın` sanına qarap anıqlanadı.

Biraq, Sapallıtepenin` fortifikatsiyası ha`m ishki du`zilisinin` jobası boyınsha Avestadag`ı «vara»g`a uqsas ta`repleri bar. Avestadag`ı «nmana» – bul patriarxallıq shan`araq, sonın` menen qatar «u`y» degen mag`ananı da bildiredi. «Vis» – bul tek «urıw» emes, sonın` menen birge «elat» mag`anasın ha`m beredi. İzertlewshi A.A.Askarovtın` salıstırıwı boyınsha Sapallıtepeni «Vis», alonın` kvartalların «nmana» – esaplawg`a boladı.[1] Yag`nıy Sapallıtepe I patriarxallıq shan`araqtan turg`an urıwlıq elat.

Jarqutan basqıshınan baslap u`lken patriarxallıq shan`araqlar jerleri a`dewir ken`eyedi. Ha`r bir patriarxal shan`araq o`z aldına bir elat bolıp jasag`an. Elatta joqarı ko`sem jasag`an tsitadel` ajıralıp shıg`adı. İbadatxana Jarqutannın` diniy oray wazıypasın orınlag`anın ko`rsetedi. Eger Sapallıtepede marxumlarda turaq jaylardın` polının` astına ko`miw da`stu`ri bolg`an bolsa, b.e.sh. II mın` jıllıqtın` ekinshi yarımında bul da`stu`r o`zgeredi.

[1] А.Асқаров «Сапалитепе» Т., 1973., 137-бет

Rawajlanıwdın` Jarqutan basqıshında qa`birstan qalanın` sırtına arnawlı orıng`a shıg`arıladı. Bul qubılıstın` tiykarg`ı sebebi ishki faktor ja`miyettin` sotsiallıq-ekonomikalıq du`zilisinin` o`zgerisi ha`m sonın` menen bir qatarda sırtqı faktor – saxra qa`wimleri da`stu`rlerinin` ta`siri bolg`an.

Monumentallıq komplekslerdin` saray, ibadatxana qurılısları, qalanın` qa`liplesiwi ja`miyettin` da`stu`rli sotsiallıq strukturasındag`ı o`zgerislerdi bildiredi. Yag`nıy mu`lk ten`sizligi, ja`miyettin` sotsiallıq bo`liniwshiligi a`piwayı siyasiy birlespeler payda bola baslaydı. Burıng`ı «u`y», «shan`araq», «urıw» ma`pleri ekinshi orıng`a shıg`ıp, siyasiy birespeler – «walayat», «qa`wim»lerdin` ma`pleri aldın`g`ı qatarg`a shıg`adı. Usı sebepler na`tiyjesinde ulıwma qalalıq qa`birstan payda boladı. Qa`birstannın` oqshawlanıwına sahra qa`wimlerinin` ta`siri bolg`an bolıwı da mu`mkin. Sebebi, Orta Aziyadag`ı Andronov, Tazabag`jap, Bishkent ma`deniyatlarında qa`birstannın` turaq jaylardan bo`lek jaylasıwı da`stu`r bolg`an.

Solay etip, Jarqutan b.e.sh. II mın` jıllıqtın` ekinshi yarımında pu`tkil Sherabad alabının` mu`mkin, pu`tkil Arqa Baqtriyanın` sawda-o`nermentshilik, ma`deniy, diniy ha`m siyasiy orayı wazıypasın orınlag`an. Bul basqısh Sapallı ma`deniyatı qa`wimlerinin` ja`miyetlik-siyasiy ha`m ruwxıy o`mirinde burılıs da`wiri boldı. Sebebi usı da`wirde o`nermentshilik ha`m sawda orayı sıpatındag`ı erte qala payda bolıp, ol a`ste-aqırın diniy ha`m siyasiy oray wazıypasın orınlawg`a o`te baslaydı.

Ko`p jıllıq arxeologiyalıq izertlewler Sapallı ma`deniyatının` basqıshlarg`a bo`lingen da`wirlestiriwin islep shıg`ıwg`a mu`mkinshilik beredi. Ol to`rt basqıshtan ibarat.[1] Sapallı (b.e.sh. 1700 – b.e.sh. 1500-jıllar), Jarqutan (b.e.sh. 1500 – b.e.sh. 1350-jıllar), Kuzali (b.e.sh. 1350 – b.e.sh. 1200-jıllar), Molalı (b.e.sh. 1200 – b.e.sh. 1000-jıllar). Sapallı, kuzalı, molalı menen salıstırıp ko`p uqsaslıqtı baqlaydı. O`zinin` kelbeti boyınsha Auchin-depe esteliginin` arxeologiyalıq tabılmaları Sapalıtepa buyımlarına og`ada jaqın. Keramikalıq ıdıslardan sopaq tu`bekler, uzın ayaqlı vazalar, konus ta`rizli juqa ıdıslar

[1] А.Асқаров «Сапалитепе» Т., 1973., 102-бет

elatlardın` ekewinde de ken` tarqalg`an. Idıslardın` jasaw texnikasında ha`m biraz uqsaslıqtı an`law mu`mkin. Ma`selen, Sapallının` gu`lal ıdıslarının` sırtı aqshıl-qızıl angobqa iye ku`l ren`li ılaydan jasalg`an ıdıslar Auchin-depe Sapallıtepede birdey ushırasadı.

Biraq uqsaslıqlar menen birge belgili da`rejedegi ayırmashılıqlar ha`m bar. Ma`selen, Auchin-depede ko`p ushırasatug`ın qoldan jasalg`an ıdıslar Sapallıtepede og`ada az, al nag`ıslı ıdıslar ulıwma joq. Gu`lal ıdıslardın` ayırım tu`rleri Altın-depenin` joqarı qatlamları, Namazg`a-depenin`, «Namazg`a V-VI» basqıshları, Arqa shıg`ıs İrandag`ı Gissar III, Shaxtepa II, Shaxri-soxta IV, Aug`anstandag`ı Mundigak IV elatları materiallarına uqsas.[1]

Sapallıtepenin` metall buyımları, sonın` ishinde grafinler joqarıda atları atalg`an qon`sılas ma`mleketlerdegi bronza da`wiri esteliklerinde ken` ushrasadı. Sapallı buyımları arasında sa`nelew a`hmiyetine iye mo`rlerge ayrıqsha toqtap o`temiz. Olar bronzadan, tastan, ha`k tastan jasalg`an. Altı juldız, segiz juldız, tu`rindegi sopaq ko`riniske iye bunday mo`rler Alıntepenin` joqarg`ı qatlamlarında, Namazg`a VI, Ulug`depe, Gissar, Mundigak IV ha`m Shaxrisoxtada ushırasadı. Olar bir-birine ayırım detalları boyınsha pu`tkilley parq qıladı. Mo`rlerdin` betindegi su`wretler, tamg`alardag`ı ayırmashılıq mu`lk belgileri bolıwı kerek. Joqarıdag`ı esteliklerdin` jerlew da`stu`rlerinde uqsaslıqtı an`lawg`a boladı. Sapallıdepedegi sıyaqlı Altındepe Namazg`a V ha`m VI ma`deniyatlarına qa`birlerdin` poldın` astına yamasa elattag`ı arnawlı jerlew shuqırlarında qoyıw da`stu`rleri ta`n. Tek son`g`ı basqıshlarda Namazg`ada elattın` sırtında qa`biristanlar payda bola baslaydı. Namazg`a V qatlamı da`slep b.e.sh. II mın` jıllıqtın` birinshi yarımı menen sa`nelengen edi, al Namazg`a VI nı b.e.sh. II mın` jıllıqtın` ortası ha`m ekinshi yarımına tiyisli dep esaplang`an edi.[2] Altındepedegi ken` izertlew jumısları Namazg`a V basqıshının` absolyut xronologiyasın anıqlaw mu`mkinshiligin berdi. Erte Namazg`a V shama menen b.e.sh. 2100-1850 jıllar menen, al son`g`ı Namazg`a

---

[1] А.Асқаров «Сапалітепе» Т., 1973., 103-118-бетлер
[2] В.М.Массон «Алтın депе» Л., 1981., 35-бет

V b.e.sh. 1850-1650 jıllar menen sa`nelenedi. Solay etip, Sapallı ma`deniyatının` baslang`ısh da`wiri b.e.sh. 1700-1500 jıllarg`a tuwra keledi. Sapallıtepenin` o`zinen alıng`an radiouglerodlı sa`ne 1500± 50 ha`m 1690+ 50 arxeologiyalıq materiallar mag`lıwmatlarına sa`ykes keledi. Sapallı ma`deniyatının` kelip shıg`ıw ma`selesi ilimpazlar ta`repinen ken` dodalandı.[1] A`yyemgi Baqtriya territoriyasında neolit ha`m eneolit da`wirinin` diyqanshılıq ma`deniyatı estelikleri tabılmag`an, al Sapallı ma`deniyatı arxeologiyalıq materiallarının` kelbeti pu`tkilley otırıqshı-diyqanshılıq ma`deniyatına ta`n yag`nıy Sapalı qa`wimleri Baqtriya aymag`ına basqa jerden ko`ship kelgenligi anıq.

Altındepe tsivilizatsiyası Namazg`a V basqıshınan baslap dag`darısqa ushraydı. Tiykarg`ı ma`deniy oraylardın`, shıg`ısqa jıljıwı ju`z beredi. Murg`ab alabında orta A`miwda`r`ya ag`ımında otırıqshı diyqanlardın` jan`a elatları payda boladı. Bul jerde bir qatar bekinisli elatlar tabılg`anı menen, olardın` arasında iri elatlar ushırasqan joq. Elatlar minaralı qorg`anıs diywalları menen oralg`an, bronzadan jasalg`an a`skeriy qurallar ken` tarqaladı. Ma`deniyattın` ko`plegen belgileri bul diyqanshılıq ma`kanlarının` turg`ınların sha`rtli tu`rde Altındepe tsivilizatsiyasının` do`retiwshilerinin` a`wladları dep esaplawg`a mu`mkinshilik beredi. Biraq sonın` menen qatar olardın` ma`deniyatında bir qatar jan`a, pu`tkilley basqasha qubılıslar bayqaladı.

Atap aytqanda, betinde og`ada ustalıq penen ha`r tu`rli gu`res syujetleri su`wretlengen tas mo`rler ko`p ushrasadı. Ayırım obrazlar Mesopotamiya ha`m Elam menen baylanıslardın` ku`sheyip, olardın` ta`sirinin` o`sip barg`anlıg`ın ko`rsetedi.

Solay etip, arxeologiyalıq mag`lıwmatlar dag`darısqa ushrag`an Namazg`a V da`wiri qa`wimlerinin` bir bo`limi jan`a jerlerdi o`zlestiriwin dawam ettirip a`yyemgi Baqtriya jerlerine jetip kelgen.

---

[1] В.М.Масон «Первıе цивилизация» Л., 1989., 78-бет

## III bap: Qaraqalpaqstan aymag`ındag`ı ma`kan jaylardın` izertleniwi

### 3.1. Tariyxıy arxeologiyalıq esteliklerdin` izertleniwi

Orta Aziya jerlerindegi jan`a tas da`wirinde eki ma`deniy tariyxıy aymaq belgili bolg`an. Arqada jan`a tas da`wirindegi an`shılar menen balıqshılar qonıslasqan aymaq, qublada suwg`arıp egiletug`ın diyqanshılıq ma`deniyatı rawajlang`an ha`m metall paydalanılg`an aymaq-tariyxıy rawajlanıwdın` bunday ha`r qıylılıg`ı mın`lag`an jıllarg`a sozılg`an eki aymaq arasındag`ı baylanıslardan keyin waqıt jıl o`tiwi menen arqa aymaq xalıqlarının` xojalıg`ında ha`m ma`deniyatında aytarlıqtay o`zgerisler bolg`an. Bug`an qubladag`ı o`ndiriwshi xojalıqtın` o`siwi, metall qurallardın` xojalıqta tutqan a`hmiyetinin` artıwı, eki aymaq arasındag`ı almaslawdın` o`siwi arqa oblast` xojalıg`ına, ma`deniyatına ku`shli ta`sir jasag`an.

Metalldın`, mıs penen qolanın` o`zlestiriliwi suwg`arıp egiletug`ın diyqanshılıq penen padashılar sharwashılıg`ının` rawajlanıwı qonıslasıwı menen turaq jaylardın` jan`a tu`rleri, en` aqırında shatasıp atırg`an etikalıq jılısıwlar menen ha`r qıylı qa`wimlerdin` bir-biri menen aralasıwı – Orta Aziyanın` arqa aymaqlarına ta`n bolg`an qubılıslar qola da`wirinde qısqasha aytqanda, mine usılardan ibarat. Qurg`aq klimatlı Orta Aziyada dalaların diyqanshılıq penen sharwashılıqın` rawajlanıwı ushın bir qansha qolaylıraq jerler del`talıq aymaqları bolıp esaplandı.

Olardın` qatarında – Tedjen menen Murg`abtın` a`yyemgi alapları, Zarafshan alabı menen A`miwda`r`yanın` Aqshada`r`ya del`tası boldı.[1]

B.e.sh. II mın`ınshı jıllıqta qola da`wirinde, Aral ten`izinin` Qubla a`tiraplarındag`ı jerlerde u`lken o`zgerisler bolıp o`tken. B.e.sh II mın`ınshı jıldın` basında A`miwda`r`ya suwının` ko`pshilik bo`legi Aral ten`izine qaray bag`ıt alg`an. Qubla Aqshada`r`ya del`tasında ku`shli suw basqını bolg`an. Aqshada`r`yanın` suwı arqag`a qaray jol alıp, ag`ıs Arqa del`tanı payda etken, ol arqalı suw endi Aral ten`izine aqqan. Bul iri suw tasıwı ha`m onnan keyinde ma`wsim sayın dawam etken suw tasqınları qubla del`ta alabında qalın` ta`biyiy

[1] ККАССР тарийхı Том I., Нөкис., 1975., 28-бет

qatlamlar payda etken.

Janbas-4 ha`m basqa da jan`a tas da`wirinin` qonısları usı ta`biyiy qatlamnın` astında qalg`an. Al qola da`wirinin` qonısları, usı ta`biyiy qatlamlardın` u`stinde, taqırlarg`a salıng`an. Bul qonıslar da`wiri boyınsha b.e.sh. XVI-XV a`sirlerge sa`ykes keledi. Tabılg`an buyımlardın` ishindegi erterek da`wirge tiyislisi birli-yarım ha`m onday buyımlar qumlıqlardan del`tanın` tiykarg`ı jag`alarınan g`ana tabıldı, al da`r`ya salaları arasındag`ı dalalıqlarda onday buyımlar gezlespegen. B.e.sh. II mın`ınshı jıldın` 2-shereginde adamlar da`r`ya salaların jag`alap, arasındag`ı ashıq-ken`isliklerge barıp ma`kan basqan ha`m a`piwayı suwg`arıw usılların qollanıp, diyqanshılıq penen shug`ıllang`an. Biraq sol da`wirdegi suwdın` turaqlı bolmay, suw tasqınları sebepli ma`kanjurt qon`sılardın` kem-kemnen qıyralıp joq bolıwına alıp kelgen. Ol jerlerde jasag`an xalıqlar Kel`teminar ma`deniyatının` dawamı bolıp esaplang`an qola da`wirinin` erte gezinde payda bolg`an, tariyx iliminde «Suwjarg`an» dep atalg`an jergilikli ma`deniyat bolg`an.[1]

B.e.sh. 2 mın`ınshı jıllar ortasında Orta Aziyanın` qubla rayonlarında diyqanshılıq penen shug`ıllanıp qon`sı qa`wimler menen ekonomikalıq-ma`deniy baylanısta bolıp turg`ın jasag`an qa`wimlerdin` bir topari A`miwda`r`yanı o`rlep kelip, qubla Aral boyındag`ı Kel`teminardın` urpaqları menen aralasıp, Suwjarg`an ma`deniyatın payda etken.[2]

Qubla Aral jerleri qubladag`ı diyqanshılıq orayları menen arqadag`ı ken` dalalıqta jasag`an ko`shpeliler arasında jaylasqanı ushın qublalılardın` ma`deniy ta`siri ko`shpeli qa`wimlerge qubla Aral xalıqları arqalı o`tken.

Suwjarg`anlılar, ko`lden suwg`arıp diyqanshılıq etken, sharwashılıq ha`m balıqshılıq penen de shug`ıllanadı, demek olar o`ndiriwshi xojalıq tu`rine o`tedi. Suwjarg`anlardın` materiallıq ma`deniyatında, a`sirese gu`lal ıdıslardın` tu`ri, nag`ısları Tu`rkmenstannın` qubla rayonında, Anaw ma`kanında ha`m İrannın` Shıg`ıs taw eteklerinde jasag`an qa`wimlerdin` xojalıq buyımlarına

---

[1] ККАССР тарийхı Том II., Нөкис., 1975., 28-бет
[2] М.Мамбетуллаев., О.Юсупов «Қарақалпақстан тарийхı» Том I., Нөкис., 2002., 24-бет

uqsaydı, bul eller arasındag`ı ma`deniy baylanıslardı da`lilleydi. Suwjarg`anlılar bronza da`wirinde Qazaqstan aymag`ında jasap, «Fedorov» ma`deniyatın payda etken ko`shpeliler menen de ma`deniy baylanısta bolg`an. Suwjarg`an ma`deniyatına tiyisli esteliklerge Qonıslı 1-2, Janbas 6, Bazar 1-2, Qauınlı 1, jatadı.[1]

A`miwda`r`yanın` qubla Aqshada`r`ya del`tasının` ishki ken`isliginde ko`p sanlı orınlardın` ashılıwı olardın` xojalıg`ı tuwralı juwmaq jasawg`a mu`mkinshilik berdi. Barlıq jaylar jap ha`m atızlardın` arasında ornalasıp jer sho`llerdin` ultanı ha`zirgi Taqırdın` betinde qara tu`ske iye. Qola da`wirinin` irrigatsiyalıq tarawlarının` anıq ko`rinisin ko`kshe-15, qonıs jayınan ko`riwge boladı. Da`slep an`g`arda suw ko`p bolg`anda, kishkene japlar baslı japtan sag`a alg`an. Al an`g`arda suw ko`p bolg`anda, kishkene japlar baslı japtan sag`a alg`an.

Bul japlar qonıs jaydan qubla-batıs ta`reptegi arnadan suw alg`an. Bul baslı japlardan ko`p sanlı salmalar sag`a alg`an.

Ko`kshe-15 qonıs ma`kanındag`ı irrigatsiyalıq sistema qayır jerlerden o`zgeshe bolg`an. Endi adamlar suw shıg`arıw ha`m onı o`z atızlarında saqlap turıw ushın u`lken emes kanallar ha`m japlar qazıwdı u`yrengen.

Japlar bir qansha tarmaqlı bolıp belgili uzınlıqqa iye bolg`an, S.P.Tolstov altın da`wirdegi irrigatsiyalıq tarmaqlardın` konfiguratsiyasın sıpatlap jazıp, onın` a`yyemgi da`wirdegi del`talıq salalardı eski tu`siriletug`ınlıg`ın atap ko`rsetedi. Ko`kshe-15 tegi qonıstag`ı irrigatsiyalıq usıl erte waqıtlarda adamlar ele ta`biyatqa o`zlerin qarama-qarsı qoymay, al o`z texnikası menen og`an qolaylasıp, ta`biyattın` paydalı ta`replerin o`zlestirgenligin ko`rsetedi. Biraq bunday ken` tarmaqlı irrigatsiya tarawlarının` du`ziliwi belgili bir ta`jiriybenin` bolıwın talap etken. Salalardın` jag`aları unırag`ısh bolg`an bul da`wirde, Aqshada`r`ya del`tasında suw qaytıw jag`dayında bolıp, jaylar suw tasqınına ushıramag`an. Japlardın` a`dewir uqıplıqqa iye bolıwı egin maydanının` ko`beyiwine mu`mkinshilik berip, bul suwg`arıp egiletug`ın diyqanshılıqtın`

[1] М.Мамбетуллаев., О.Юсупов «Қарақалпақстан тарийхı» Том I., Нөкис., 2002., 24-бет

rawajlanıwının` tag`ı bir da`lili bola aladı.

Del`tanın` bir rayonındag`ı suw tarmaqlarında suwdın` kemtarlıg`ı, al basqalarında suwdın` molshılıg`ı barlıq irrigatsiya tarawlarının` bir waqıtta barlıg`ı birdey islewine mu`mkinshilik bermegen. Atızlardın` ayırım bo`leklerinin` taslanıp ketiwi ha`m jan`a jerlerge qonıslasıw da`r`ya rejiminin` ayırmashılıg`ına g`ana emes, al topıraqtın` sorlanıp ketiw protsesine de baylanıslı bolg`an. B.e.sh XV- a`sirde, Suwjarg`anlar menen irgeles Tazabagjan ma`deniyatının` payda boladı.[1] Tazabag`jap ma`deniyatının` payda bolıwına b.e.sh. 2 mın`ınshı jılları, Qubla Aral boylarına, jergilikli xalıqlar arasına Volga boylarınan Srub ma`deniyatın payda etken, ha`m batıs Qazaqstanda, Sibir`de sharwashılıq penen shug`ıllang`an qa`wimlerdin` aralasıwı sebep boladı. Na`tiyjede Tazabag`japshılar Evraziyadag`ı bronza ma`deniyatın payda etken xalıqlar quramına aralasadı. Evraziyanın` ko`shpeli qa`wimleri Orta Aziyanın` qubla rayonlarına aralasadı. Sonın` menen birge, Tazabag`japshılıqlar Orta Aziyanın` qubla rayonlarındag`ı otırıqshı diyqanshılıq ma`deniyatın payda etken xalıqlar menen de baylanısın u`zbeydi. Usı da`wirde islengen Tazabag`japlılardın` gu`lal ıdısları Qazaqstan, Sibir`, Volga boyı jerlerindegi jasag`an xalıqlardın` gu`lal buyımlarına uqsas boladı. Biraq Tazabag`jap ma`deniyatı o`zine ta`n o`zgesheligi menen, Shıg`ıs Evropadag`ı sharwalar payda etken Srub ma`deniyatınan, Qazaqstan ha`m Sibir`den Andronov ma`deniyatınan ayırılıp turadı. Sebebi Tazabag`japlılardın` xojalıg`ı quramalı bolıp, bul jerde diyqanshılıq ken` taraydı. Tazabag`japlılardın` turaq jayları eki-u`sh bo`lmeli jaylardan turıp, olar bir-birinen 30-150 km qashıqlıqta, kanal jag`alarında, atız baslarında jaylasqan. Tazabag`japlılar, bronza a`sirinde A`miwda`r`yanın` eski tarmag`ı Aqshada`r`ya del`ta boylarında ko`lden suwg`arıp diyqanshılıq etedi. Diyqanshılıq eginlerin suwg`arıwda, A`miwda`r`yanın` tasqın suwların paydalanadı. Diyqanshılıqta ta`jiriybeler toplap, gu`lshe atızlarg`a, salamalar arqalı suwlardı aparıp, jap qazıp, egislik jerlerdin` ko`lemin ken`eytedi, al diyqanshılıqtın` o`nimin arttıradı.

---
[1] А.Асқаров «Өзбекстан тарийхı» Т., 1995., 64-бет

Qazaqstandag`ı bronza da`wirindegi qazıp izertlengen esteliklerge Janbas 21-30-33, Kavat-3, Anna-5, Ko`kshe-16-19 ha`m t.b. kiredi.[1]

Usı waqıtta qa`nigelesken o`nerment ustalar bolıp mıs, bronzalardan monshaq, ju`zik, sırg`a isleydi. En` da`slep o`nerment ustalar o`z qa`wim ag`zalarının` talabın qanaatlandırıw ushın islegen. Olar satıw – satıp alıw ushın tayarlang`an. Ja`ma`a`t ag`zaları o`nerment-ustalardı azıq-awqat o`nimleri menen ta`miynlep otırg`an. Kavat-3 ma`kan jayınan bronzadan islengen qurallar isleytug`ın qa`lipler, metall ha`m qurallardın` sınıqları tabıldı. Ko`kshe-3 ma`kan a`tirapında bronza da`wirindegi qa`biristanda qazıp izertlenedi. Qa`birlerdegi o`liklerdi bu`ksheytip, bas su`yeklerin batısqa qarap jerlegen. Geyde erli zayıplılardı bir qa`birge, awqatlar salıng`an ıdıslar, qurallar, bezeniw zatları menen birge salıp jerlegen. Bul qa`biristan u`lken tuwısqan qa`wimge tiyisli bolg`an.

Tazabag`jap qa`wimlerinin` qonısların qazg`anda tabılg`an u`y haywanlarının` su`yekleri bul qa`wimlerdin` sharwashılıq penen shug`ıllang`anlıg`ınan derek beredi. İri ha`m mayda qara mal su`yekleri menen birge jılqı su`yekleri de tabılg`an. Kabat-3 degen jerde attın` ılaydan islengen mu`sininin` tabılıwı dıqqatqa ılayıqlı. Ko`kshe tawınan qubladag`ı u`ylerde ılaydan islengen do`n`geleklerdin` tabılıwı u`y haywanlarının` ko`lik sıpatında paydalanlıg`ın ko`rsetedi. Diyqanshılıqtın` rawajlanıwı irrigatsiyalıq texnikanın` jetilisiwi, mıs ha`m bronza metallurgiyasının` rawajlanıwı b.e.sh. II mın` jıllıqlardın` aqırı I mın` jıllıqlardın` basında Qubla Aral boylarının` ma`deniyatının` o`zgeriwine alıp kelgen. Tazabag`jap ıdısları formasına uqsas ıdıslar ko`beyedi. Bul da`wirlerde irrigatsiyalıq diyqanshılıq penen birge sharwashılıqtın` roli de ku`sheyedi. Sebebi Qubla ha`m Arqa del`tanın` qumlı jag`alarında qonıslardın` sanı ko`beyedi. Bronza da`wirinin` son`g`ı basqıshlarında Qaraqalpaqstan aymag`ında Amirabad ma`deniyatı qa`liplesedi.[2] (b.e.sh. IX-VIII a`a`) Amirabadlar, Tazabag`japlardın` da`stu`rin dawam etedi.

---

[1] М.Мамбетуллаев., О.Юсупов «Қарақалпақстан тарийхı» Том I., Нөкис., 2002., 25-бет
[2] А.Асқаров «Өзбекстан тарийхı» Т., 1995., 69-бет

Olardın` xojalıg`ı kompleksli bolg`an, diyqanshılıqtın`, sharwashılıq, balıqshılıq, o`nermentshilik penen shug`ıllanadı. Turaq jaylardın` diywalları paqsadan salıp, geyde jer to`lelerde jasaydı. Xojalıq buyımları bronzadan islengen Jeke parsan- 2 ma`kanda metalldan buyım isleytug`ın ustaxana ashıldı. Ustaxanada metalldı quyıp nayza ushı, pıshaq, oraq, bilezik, sırg`a, ju`zik islengen. Amirabadshılar ju`ndi iyirip kiyim tikken, gu`lal ıdıslar tayarlag`an. A`dettegidey kanallar qazıp diyqanshılıq penen shug`ıllang`an, mal baqqan. Amirabad ma`deniyatına tiyisli esteliklerge – Bazar-1, Qauında-1, Ko`kshe-1, U`stirtte Qaraqudıq, Sulona ha`m t.b. kiredi.[1]

Amirabad jaylarının` konstruktsiyası Tazabag`jap jaylarının` konstruktsiyasına uqsaydı. Bular yarım jer to`leler bolıp, sırttan itarqa diywallar o`rip, ılay menen sıbalg`an. Bir neshe jerde xojalıq maqsetleri ushın shuqırlar qazılg`an. Esikke qarama-qarsı jerde oshaq ornalasqan. Jaylardın` aynalasınan gu`lal ıdıslardın` sınıqları tabılg`an. B.e.sh. I mın`ınshı jıllardın` basında Aqshada`r`ya del`tasının` suw rejimi bir qa`lipte bolg`an.

Jekke Parsan-2 qonısında tabılg`an ko`p sanlı zatlardan a`sirese gu`lalashılıq ıdısları ko`plep gezlesedi. Olardın` awqat quyıp ishiwge arnalg`anlıg`ı anıq belgili bolıp turadı. Bul jerden tabılg`an bronza zatları ayırıqsha qızıg`ıwshılıq tuwdıradı. 8-jay «quyıwshılar u`yi» dep atalınadı,[2] sebebi bul jerde bronzadan ha`r qıylı zatlar jasaw ushın islengen tas qa`lipleri ha`m tu`bine bronzanın` tamshısı sho`kken ılay ıdıslarının` qaldıg`ı tabıldı. Bunday qa`liplerde japıraq ta`rizli ha`m tisli oq jay og`ının` ushlıqları ha`m sapsız oraqlar quyılg`an. Sonın` menen birge ayırım tabılg`an oraqlar, oqlar, bir ju`zli pıshaqlar, su`yek saplı to`rt qırlı bizler, tebenler ha`m t.b. u`ylerde islengen.

Tazabag`jap da`wiri menen salıstırg`anda metalldan islengen zatlardın` tu`ri ha`m xojalıq zatları bir qansha da`rejede ko`beygen. O`ndiriste ayırım tarawlarda qa`nigelesiwge o`tiw baslanadı. U`ylerdin` jaylasıwı, qonıslardın`

---

[1] М.Мамбетуллаев., О.Юсупов «Қарақалпақстан тарийхı» Том I., Нөкис., 2002., 26-бет
[2] Қарақалпақстан тарийхı Нөкис., 1975., 33-бет

maydanı dıqqatqa ılayıqlı. Onsha u`lken bolmag`an ko`lemli jerde ha`r birinde 30-40 adamnan ibarat bolg`an jigirmalag`an jay bolg`an.

Jaydın` ortasında bir oraylıq oshaqtın` bolıwına qarap, bunda bir u`lken sem`ya ag`zaları jasag`an dep shamalaw mu`mkin. O`ytkeni ko`p sanlı xojalıq wazıypaları ha`m rawajlang`an irrigatsiyalıq tarawlarına iye bolıw ko`p qol ku`shin talap etken. Sonlıqtan jekke Tarsan-2 u`lken bir urıwdın` qayısı bolg`an dep esaplawg`a boladı. Amirabad qayıslarının` adamları temirdi bilmese de ol a`yyemgi Xorezm tsivilizatsiyasının` payda bolıwının` aldındag`ı son`g`ı basqısh bolıp, joqarı ma`deniyatqa iye bolg`an.

Solay etip b.e.sh II mın` jıllardın` aqırı I mın`ınshı jıllardın` basında neolit an`shılarının` ha`m balıqshılarının` ornın diyqanlar menen an`shılar iyeledi. Orta Aziya rayonları ushın suwg`arıp egiwge qolaylı jerler da`r`ya jag`aları bolg`an. Biraq barlıq da`r`ya jag`aları diyqanshılıq ushın qolaylı bola bermegen. Bul jerde tek gidrografiyalıq jag`day g`ana emes hawa rayıda a`hmiyetke iye bolg`an. Arqa Aqshada`r`ya del`tasında da otırıqshı qonıslardın` ha`m irrigatsiyanın` izleri bronza da`wirinde ushıraspaydı. Al Qubla del`tada bul waqıtta batbaqlıqlar qurg`ap Sultan Wayıstaw arqadan ha`m arqa Shıg`ıstan esip turatug`ın suw samallardı irkip, Qubla ta`repti suwg`arıp egiletug`ın diyqanshılıqtın` payda bolıwına ha`m rawajlanıwına jag`day jasadı. B.e.sh. II mın`ınshı jıllardın` birinshi yarımında diyqanshılıq og`ada a`piwayı formalarda rawajlanıwı a`yyemgi diyqanlar egin ushın ta`biyiy suw tasıwlardan payda bolg`an maydanlardı paydalang`an bolıwı mu`mkin.

Amirabad da`wirinde irrigatsiyalıq texnika ja`ne de jetilisedi, adamlar jan`a kanallar ju`rgizip qoymastan, burıng`ı salmalardı teren`lestirip, kanal qazıp paydalanadı. Biraq del`tanın` da`r`yalıq suw rejiminin` turaqsızlıg`ınan ha`m topıraqtın` turaqlı tu`rde kebir basıw protsessinen, bul jerlerde Orta Aziyanın` Qubla rayonlarına qarag`anda diyqanshılıq na`tiyjeli bolmay a`yyemgi, diyqanlar o`z qonısların tez-tez o`zgertip turıwg`a ma`jbu`r bolg`an. Mine usınday tez-tez qonıs o`zgertiwlerge baylanıslı bul jerdegi adamlardın` turaq jayları jer to`le formasına iye bolg`an. A`miwda`r`ya boyları xalıqlarının` tez-

tez qonıs o`zgertirip turıwı onın` xojalıq ju`rgiziwine de, ma`selen sharwashılıqqa da baylanıslı bolg`an. Xalıqtın` geypara bo`legi mal ushın jan`a jaylaw izlep, ko`llerdin` boyına qonıs basqan. Diyqanshılıq olardın` turmısında ekinshi da`rejeli orın tutqan. Qubla Aral boylarında mıs ha`m bronza metallurgiyasının` rawajlang`anlıg`ınan bul jerde tabılg`an metall zatları – bir ju`zli pıshaq, oraqlar, oq jay og`ının` ushları, tebenler, qırg`ıshlar, bilezikler, aspa jekenler, monshaqlar gu`walıq beredi. Waqıttın` o`tiwi menen metall zatlardın` tu`rleri ko`beyedi, al Amirabad da`wirine kelip o`ndiristin` bul tarawında qa`nigelesiwshilik payda boladı. Tiykarg`ı mıs o`ndiretug`ın oraylar Bo`kentaw ha`m Altıntawları boldı. Ol jerlerde a`yyemgi mıs ha`m bronza quyıw o`nrisinin` qaldıqları tabılg`an. Sharwashılıqtın` mıs ha`m bronza metallurgiyasının` rawajlanıwı Orta Aziya territoriyasında mıs ha`m bronza shıg`atug`ın orınlardın` birgelikli bolmawı ayırım qa`wimler ortasında qatnastın` u`ziliwine alıp keldi. Ayırım qa`wimler bir qansha jerlerge ko`shiwine Aral boyları xalqının` Volga boyı, Ural boyı, Zakavkazie, Orta Aziya jerlerinin` Qubla oblastları Qazaqstan menen ma`deniy baylanıslarının` bolg`anlıg`ı anıqlandı. Tariyxıy jag`daylardın` na`tiyjesinde Qubla Aral boylarının` diyqanshılıq rayonlarınan, arqa batıs ta`repinen Orenburg dalalarınan, arqa shıg`ıs ta`repinen Sırda`r`ya boylarınan xalıqlar kelip jaylasıwı bronza da`wirinin` waqtında bul rayon xalqı sostavının` og`ada aralas bolıwına alıp kelgen.

Solay etip b.e.sh. II mın`ınshı jıllardın` ortalarındag`ı Evraziya dalalarındag`ı etnikalıq ko`shiwler Qubla Aral boyların da o`z ishine aladı. Bul jerde Srub ha`m Andronovo ma`deniyatının` iyeleri bolg`an qa`wimler payda bolıp, onın` bir bo`legi jergilikli xalıq penen aralasıp al bir bolegi Da`r`ya boylap qubla ta`repke qaray ko`shken. Bul ha`reket bir wakıtta bolmag`an. Ayırım qa`wimlerdin` qublag`a qaray o`tiwi b.e.sh. II mın`ınshı jıl dawamında bolıp, jergilikli kelgindiler menen aralasıw b.e.sh. II mın`ınshı jıldın` aqırı b.e.sh. I mın`ınshı jıldın` basına tuwra kelip, jergilikli Amirabad ma`deniyatı

olarg`a u`stem bolıp qaldı.[1]

A`dewir aldıng`ı qatar Qubla tsivilizatsiyasının` ta`siri dala qa`wimlerinin` arasına Evraziya qon`sı oblastlarına qarag`anda joqarı da`rejeli ma`deniyattın` rawajlanıwına alıp keldi. Qubla menen shıg`ıs usı baylanıslar ha`m irrigatsiyalıq diyqanshılıqtın` rawajlanıwı Orta Aziyanın` arqa ta`repinde jaylasqan Xorezmde ma`mlekettin` payda bolıwına jag`day jasadı.

Sırda`r`ya to`meninde ju`rgizilgen arxeologiyalıq izertlewler b.e.sh. II mın`ınshı jıllardın` ekinshi yarımı – I mın`ınshı jıllardın` basına tiyisli shopan sharwalardın` ma`kanların anıqladı. Bul orınlar tiykarınan İnkarda`r`ya boylarında jaylasqan. Bronza da`wirinde bul da`r`yadan suw ag`ıp turg`an bolıwı mu`mkin. İnkarda`r`yanın` suwı Aqshada`r`yanın` suwı menen qosılg`an jerlerdegi gu`lal ıdıslardın` qaldıqları arasında Anvronovo gu`lalshılıg`ının` da Tazabag`jap gu`lalshılıg`ının` u`lgileri gezlesedi. Tazabag`jap ma`deniyatı Aqshada`r`ya boylap Qubla ta`repten arqag`a qaray, al İnkarda`r`ya ha`m Sırda`r`ya salaları boylap Andronovo ma`deniyatı tarqalg`an.

İnkarda`r`ya jaylasqan Arqategisken go`ristanı keyingi bronza da`wirinin` a`jayıp esteligi bolıp, ol Tagiskendegen to`belikte Qızıl-Orda qalasınan 200 km qubla batıs ta`repte jaylasqan. Ol b.e.sh. X-VIII a`sirlerge tuwra keledi. Arqa Tagisken to`beligi tuwrımu`yeshli gerbishten islengen jerlew qa`biri bolıp esaplanadı. O`zinin` arxitekturalıq sheshimi boyınsha bul mavzoley Orta Aziya ha`m Qazaqstan bunday qurılıslar ishinde ten`i-tayı joq. İshki o`jirelerdin` bezeliwi, ko`plegen turmıs zatları, ıdıslar, bezewler qural-jaraq tu`rleri ha`r tu`rli ma`deniyat belgilerinin` aralaspasınan ibarat.

Solay etip b.e.sh. II mın`ınshı jıldın` ekinshi yarımında b.esh. I mın`ınshı jıldın` basında Sırda`r`ya boylarının` xalqı batıs ha`m Oraylıq Qazaqstannın` xalqı menen tıg`ız baylanısqan. Sebebi bul jerdegi materiallar Andronovo ma`deniyatınan derek beredi.[2] Xorezm menen baylanıs Sırda`r`ya ha`m Aqshada`r`ya salalarında g`ana gezlesedi.

---

[1] Қарақалпақстан тарийхı Нөкис., 1975., 32-бет

[2] Қарақалпақстан тарийхı Нөкис., 1975., 35-бет

Tazabag`jap ma`deniyatı shıg`ıs ta`repke qaray o`tpegen. B.e.sh. I mın`ınshı jıllardın` basında Amirabad gu`lal ıdısları Tagisken kompleksinde ushırasadı. Uzag`rak Qubla oblastlardan bul jerlerge materiallıq ma`deniyattan gerbish, gu`lal ıdıslar usag`an elementleri kelip, ol Andronvo ma`deniyatının` belgilerin qabıl etken.

Sırda`r`ya rawajlang`an ha`m keyingi bronza da`wirine tiyisli otırıqshı qonıslar tabılg`an joq. Jergilikli xalıqtın` xojalıg`ı sharwashılıq bolıp, bizge belgili estelikler shopan-sharwalar ta`repinen qaldırılg`an. Biraq qubla rayonlar menen ma`deniy baylanıslar ayırım jerlerde diyqanshılıqtın` bolıwı, mın` jıllar dawamında Sırda`r`yanın` to`mengi jag`ısındag`ı xalıqtın` xojalıg`ı kompleksli yarım otırıqshı sharwashılıq, diyqanshılıq xojalıg`ınan ibarat boldı, dep qarawg`a mu`mkinshilik beredi.

U`stirt ken`isligi mal sharwashılıg`ı ushın ken` o`zlestirilgen. B.e.sh. II mın`ınshı jıllıqtın` aqırı – b.e.sh. I mın`ınshı jıllıqtın` basında Qaraqalpaqstan aymag`ında u`lken o`zgerisler payda boladı. O`ndiriwshi ku`shlerdin` o`siwi, diyqanshılıq, sharwashılıq, o`nermentshiliktin` rawajlanıwı adamlardın` sotsiallıq turmısına u`lken ta`sir jasaydı. Bronza da`wirinde izertlengen 8-20 jaylardın` bir-birine jaqın jaylasqanına qarag`anda, tuwısqan qa`wim ag`zaları birge jaqın jasap, olardın` ulıwma da`n saqlaytug`ın uraları, jıynalıs o`tkeretug`ın, sıyınatug`ın ulıwma jayları bolg`an. Bul olardın` xojalıq ma`deniy ideologiyalıq birliginin` bolg`anın da`lilleydi.

Bronza da`wirinde analıq ruwdan – Matriarxat atalıq ruwg`a patriarxat o`tiw baslanadı.[1] Qaraqalpaq an`ızlarında «hayallar patshalıg`ı» haqqında qa`dimgi da`wirge tiyisli syujetler saqlang`an. Atalıq ruwdın` payda bolıwı, a`yyemgi qa`wimlik ja`miyetlik du`zimnin` ıdıray baslang`anın da`lilleydi. Diyqanshılıq ha`m sharwashılıq penen shug`ıllanıwshılar ishinen ayırım baylıq toplag`an shan`araqlar bo`linip shıg`a baslaydı. Amirabad ma`deniyatı da`wirinde, o`nermentlerdin` diyqanshılıqtan bo`liniw ha`reketi belgileri baslanadı.

---

[1] М.Мамбетуллаев., О.Юсупов «Қарақалпақстан тарийхı» Том I., Нөкис., 2002., 26-бет

Bronza da`wiri aqırında ruwshılıq ja`miyet ornına ja`miyette sotsiallıq toparlar, mu`liklik qatlamlanıwlar kelip shıg`adı. Bul da`wirde Qubla Aral boyında protyurkiy ha`m indoevropa tillerde so`yleytug`ın qa`wimler jasaydı. Qubla Aral boyında bronza a`sirde Qaraqalpaqstan aymag`ında jasag`an «Suwjarg`an», «Tazabag`jap», «Amirabad»lardın` etno-ma`deniyatı ha`m olar menen irgeles jasag`an ko`shpeli ha`m yarım ko`shpeli saklardın` tariyxı menen baylanıslı. Aqshada`r`ya alabında jasag`an qa`dimgi tu`rkiy qa`wimlerdin` u`rip-a`detleri ha`m jerlew da`stu`rleri qon`sılas Xorezmlerden ha`m Sak qa`wimlerden o`zgesheligi menen ayrılıp turatug`ını haqqında arxeologiyalıq dereklerde ko`remiz. Sak qa`wimleri ko`shelerinin` maxbarası ele usı da`wirde Qubla Aral taralg`an, qam gerbishlerden salınadı. Sak qa`wimlerinin` qa`birlerine marxumlar menen birge salınıp ko`milgen altın, bronzadan islengen gu`lal ıdıslar ushırasadı. Qa`birdegi u`rip-a`det da`stu`rler, gu`lal ıdıslardın` tu`rleri o`liktin` otqa jag`ıw Qazaqstan, Sibir` jerlerinde jasag`an «Andronov» ma`deniyatlarına uqsas bolsa ekinshiden qam gerbishler menen Maxbara salıw, sharqta islengen gu`lal ıdıslar, bul estelikler Orta Aziyanın` Qubla rayonlarındag`ı son`g`ı da`wirindegi estelilkrine jaqınlastıradı. Tagiskende qaldırg`an Saklardın` Evraziya dala ko`shpelileri menen Orta Aziyanın` otırıqshı diyqan xalıqları ma`deniyatı aralıg`ındag`ı, o`z-ara baylanıstı payda etken da`wirlerinen xabar beredi.

B.e.sh. II mın`ınshı jılları metall qorının` bolmawına, jetispewine baylanıslı jergilikli xalıq metall o`nermentshiligi menen keshirek shug`ıllanadı. Bronza da`wir ekonomikasının` tiykarı[1] diyqanshılıq, sharwashılıq, balıqshılıq, o`nermentshilik, ka`sipler ha`m sawda islerin quradı. A`miwda`r`ya alabında qoldan suwg`arıp diyqanshılıq (biyday, arpa, tarı) egiw xojalıqtın` baslı tarawları boladı.

Diyqanshılıq tuqımların Orta Aziyanın` qubla rayonlarınan alg`an. Mal sharwashılıg`ı menen (qara mallar, qoy, eshki, jılqı) shug`ıllang`an. Qolda ılaydan oshaqtan otqa salıp ıdıslar islep, xojalıqta paydalang`an. Idıslardın`

---

[1] М.Мамбетуллаев., О.Юсупов «Қарақалпақстан тарийхı» Том I., Нөкис., 2002., 29-бет

sırtına ha`r tu`rli geometriyalıq nag`ıslar salg`an. Oraylıq Qızıl qumnan mıstı, bronzadan o`ndirip alıp, onnan ustaxanalarda bezeniw zatlar islegen. Jeke porsan ma`kanında mıstan pıshaq, oraq, biz, sırg`a, bilezik, nayza ushı isleytug`ın ustaxana bolg`an. Bronza da`wirinde Tazabag`jap, Amirabadshılar u`y xojalıqqa kerekli ju`ndi iyirip onnan kiyim tikken, terini iylep onnan ayaq kiyim, bas kiyim islegen. Tawarlarg`a kerekli sabaq ta mal ju`ninen tayarlang`an. Kenep, jabayı zıg`ırdı da paydalang`an. Teletiklerden o`kshesiz etik, golosh, ha`m t.b kiyimler tikken. Er ha`m hayallar baslarına ju`nnen yamasa teriden islengen malaqaylar kiygen. Ju`nlerdi urshıqlarda iyirip sabaq tayarlag`an. Ju`n tawarlardan tigilgen kiyimlerin, su`yekten islengen tu`ymeler menen iliktirgen. Hayallar moynına jıltıraq ren`li metallardan monshaqlar, qulag`ına sırg`alar tag`ıp ju`rgen. Erler ha`m hayallar zıyanlı ruxlardan, jin-shaytannan saqlanıw ushın, ırım etip jabayı haywanlardın` tislerin, taslardı kiyimleri u`stilerine tag`ıp ju`rgen.

### 3.2. Ruwxıy ma`deniyatına tiyisli diniy isenimler

Dini. Bronza da`wirinde Qaraqalpaqstan aymag`ında jasag`an «indoevropa» tilles xalıqtardın` dini haqqında arxeologiyalıq ha`m poleetnolingvistikalıq derekler ko`remiz. Qubla Aral boyı «Ariy» etmoslardın` ruwxıy ma`deniyatı haqqında Hindistan ha`m İran, Kavkaz xalıqlarının` turmısınan alıng`an ruwxıy materiallar menen salıstırıw arqalı tu`sinemiz.[1] Bronza da`wirinde jerlengen adamlardın` bas su`yekleri batısqa qaratılıp qoyılg`an. Bul tosınnan bolg`an da`stu`r emes. «İndoiran» tilles «Ariy» etnoslardın` tu`siniginshe jer to`rt mu`yeshli yamasa domalaq tu`rinde bolg`an. Sonlıqtanda, qa`bir sol domalaq jerdin` ortasındag`ı u`y dep tu`singen. Jaqtılıq du`n`yanın` ha`r bir ta`repinin` o`z qudayları bolg`an, olay bolsa marxumnın` basın batısqa qaratıp jerlew – ol du`n`ya menen baylanıs jasaytug`ın qudayg`a qaratıw boladı. Tazabag`japshılar, «Andronovshılar» o`likti bu`klep jatqızıp jerlegen. O`liktin qa`birde bu`k tu`sip qoyılıwı na`restenin` ana qursag`ında jatqan waqtınday dep boljasa boladı. Al o`likti usı qa`lpinde uslaw ushın onı baylap qoyg`an. Bronza da`wirindegi Tegisken qa`biristanında o`rtew da`stu`rin, usı da`wirde otqa sıyınıwshılıqqa baylanıslı dep tu`siniwge boladı. Ot penen qa`birdi, o`likti alaslag`an-tazalag`an. İmarat, u`y salg`anda qurılıslardı qurbanlıq beriwden baslang`an. Qurbanlıqqa ıdıslardı toltırıp su`t, qatıq, ag`arg`anlar a`kelgen, at, bug`a, qoy, eshki basqa mallar soyılg`an.

Su`t, qatıq ishilip, et jelinip bolg`an son` gu`ze ıdıslar mal su`yekleri, bolajaq u`y oshag`ı janına u`y iyesi tabaldırıg`ının` astına ko`milgen. Bul ırım antik da`wirlerinde saqlang`an. Qaraqalpaqstandag`ı esteliklerdin` paqsa astılarınan mal, iyt su`yeklerinin` tabılıwı aytqanımızdın` da`liyli. U`ydin oshag`ı, kiyeli orın dep esaplap onı hu`rmetlegen, og`an qayırxomlıq etken. Oshaq ku`lin arnawlı oylarda saqlag`an. O`lini de oshaqtan aylandırıp shıg`arg`an. Adamlar ot basının` amanlıg`ı bolsın dep tilek penen jasag`an.

Ko`rkem o`ner. Bronza da`wirine tiyisli jar taslarg`a salınıp, ju`zi qon`ır qabırshaqlar menen jabılıp jatqan su`wretler, taslardın` tegis betine, ushlı qattı

---

[1] М.Мамбетуллаев., О.Юсупов «Қарақалпақстан тарийхı» Том I., Нөкис., 2002., 28-бет

o`tkir taslar menen oyıp salıng`an.[1]

Su`wretler ishinde oq jay menen an`shılıq etip ju`rgen adamlar, quyashtın` ko`rinisi o`z-ara bellesiwlerde ushırasadı. Bul adamnın` ruwxıy ma`deniyatı ha`m olardın` du`n`yanı tu`siniwdegi umıtılıwlar boladı. O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstanda jar tastag`ı su`wretler – petrogliflerdin` bay regionlardın` biri. O`zbekstandag`ı Sarliz, Sarmanstan, Sormishsay, Zarawtsay, Su`wretsaydag`ı ha`m Siypantash Un`girde ha`r tu`rli su`wretlerdin` tabılıwı du`n`ya ju`zi ma`deniyatının` bir bo`limi bolıp esaplanadı. Bronza da`wirinin` adamlarında mifologiyalıq tu`sinikler bolg`an. Olar ushın turmısta qaytalanıp turg`an ma`wsimler, jazdın` keliwi, diyqanshılıqtı jıynap alıw, mallardın` to`lewi, jer su`riw, ku`nnin` jadırap shıg`ıwına ser salg`an. Ta`biyattın` qubılısların bayqap, ma`wsimlerinin` qaytalawın ku`tip, olar usı waqıyalardın` ha`r qaysısına sadaqa berip, qurbanlıq berip, duwa qayırıp otırg`an. Sonlıqtan qa`siyetli, «ka`ramatlı» su`wretlerdi adamlardın` ko`zine tasalaw, ko`l, bulaq boylarına taw jıralarındag`ı taslarg`a salg`an, jar taslardag`ı ko`p ushırasatug`ın obrazlardın` biri uzın iyreklew mu`yizi menen ımtılıp ayaqların tasqa tirep, turg`an taw eshkileri, arxar, bug`a, qasqır, don`ız, u`y haywanlarınan iyt, at, tu`ye qurallardan oq-jay, nayza beriledi. Geyde adamlardın` haywanlarg`a an`shılıq etip ju`rgen su`wretleri de salıng`an. Jar taslardag`ı ko`rkem o`nerdin` u`lgilerinin` biri qos o`rkeshli baktrian tu`ye. A`yyemgi İranlarda ol gu`ldirmama qudayı Veretrang`anın` ko`rinisi, Hindistanda İndiranın` (qudaydın`) o`zi dep esaplanadı. «Avesta» – ku`sh-quwat bergen, qudretti arttırg`an qa`ha`rli-ku`shli Veretrang`an haqqında aytıladı. Jar taslarda qos penen jer aydaw su`wretleri de berilgen. Qosqa at, o`gizler jegilip, qos gu`ndeni uslap adam turadı. Bul su`wrettin` ma`nisi jan`a jıldın` keliwi, ba`ha`rde egistin` baslanıwı, ta`biyattın` jan`arıwına, molshılıq, o`nimdarshılıq bayramına baylanıslı bolıwı kerek. Bul tuwralı muxaddes kitap Avestoda birden bir quday Axura Mozda[2] birinshi patsha İymege, jerdi su`rip diyqanshılıq etiw ushın

---

[1] М.Мамбетуллаев., О.Юсупов «Қарақалпақстан тарийхı» Том I., Нөкис., 2002., 29-бет
[2] Авеста Асқар Махкам аўдармасı Ж. «Санъат»., 1991., №5., 19-бет

gu`nde «Altın soqqa» beredi. Ba`ha`rde birinshi jer su`rip, tuxım sebiw, jası u`lken adamlarg`a beriliwi haqqında da`stu`rler, a`psanalar qaraqalpaqlar arasında saqlg`ang`an. Orta Aziyadag`ı xalıqlardın` tarıyxın u`yreniwde, taslarg`a salıng`an petrogliflerdi ko`p bahalı materiallar beredi.

## Juwmaqlaw

Orta Aziya aymag`ın izertlewshi arxeolog ilimpazlardın` ju`rgizilgen jumıslarının` juwmag`ına qarap b.e.sh IV-III mın` jıllıqlarda tas da`wiri juwmaqlanıp ornına Eniolit keyin ala bronza da`wiri orın aladı. B.e.sh. III-II mın` jıllıqlar alg`ashqı ja`ma`a`t xojalıg`ında ullı ma`deniy-xojalıq oylap tabılıw edi. Bronzadan islengen u`y ruzgershilik buyımları payda boladı.

Tiykarınan alg`anda Orta Aziyada metalldan paydalanıw b.e.sh. IV-mın`ınshı jıllarda payda bolg`an bolsa, Orta Aziyanın` arqa rayonlarında b.e.sh. III mın`ınshı jıllardın` aqırında payda boladı.

Orta Aziya tariyxın ilimiy jaqtan shug`ıllanıwshı ilimpazlardan V.M.Mason, S.P.Tolstov, B.V.Andrianov, A.V.Vinagradov, M.A.İtina, Ya.G.Gulyamov, A.A.Asqarov, B.G.Gafurov, İ.İslamov, B.X.Matbabaev ha`m t.b. o`z u`leslerin qostı. Usı ilimpazlardın` ha`r ta`repleme arxeologiyalıq tabılmalardı salıstıra otırıp, en` da`slepki diyqanshılıq Tu`slik Tu`rkmenstanda Neolit da`wirinin` aqırında Djeytun ma`deniyatı, al Xorezm partiyasında da`slepki belgilerin S.P.Tolstov b.e.sh. III mın`ınshı jıllarda Kel`teminar jerlerinde payda bolg`anın anıqlaydı. Orta Aziyadag`ı A`miwda`r`ya ha`m Sırda`r`yanın` to`mengi ag`ısında bronza da`wirindegi diyqanshılıq egiwdegi suwg`arıw sharayatları ha`m sol jerdegi xalıqtın` ma`deniyatın du`n`yaga ma`lim etiw. O`zbekstan aymag`ında bronza da`wiri Surxanda`r`ya, Zarafshan ha`m Xorezm aymaqlarında diyqanshılıq-sharwashılıq penen shug`ıllang`an qa`wimlerdin` sotsial-ekonomikasının` o`z-ara qatnasları, qon`sılas xalıqlar menen baylanıslar ha`r ta`repleme izertlengen. O`zbekstan aymagg`ın ma`kanlag`an a`yyemgi diyqanshılıq qa`wimlerinin` tariyxıy rawajlanıwında a`hmiyetli rol` oynag`an. Sebebi keyinirek klasslıq ja`miyettin` qa`liplesiwi ushın kerekli tiykarg`ı ekonomikalıq shar-sharayatlardın` payda bolıwı usı bronza a`siri menen baylanıslı. Qubla O`zbekstandag`ı otırıqshı diyqanshılıq xojalıg`ının` rawajlanıwı, o`nermentshiliktin` gu`llep jaynawı waqıt o`tiwi menen ja`miyettin` sotsiallıq du`zilisin o`zgerip barıwına alıp keledi. Usı da`wirge qaraslı ko`p sanlı esteliklerde alıp barılg`an ken` ko`lemdegi

arxeologiyalıq izertlewler na`tiyjesinde Qubla O`zbekstanda Sapallı ma`deniyatı ajıratıldı.

Arxeologiyalıq materiallarının` kelbeti boyınsha Sapallı ma`deniyatı Qubla Tu`rkmenstandag`ı Altındepe ma`deniyatına uqsap ketedi. İlimpazlardın` pikiri boyınsha Sapallı qa`wimleri bul jerge ko`ship kelgenge shekem Murg`ap alabında jasag`an.[1] Sapallı ma`deniyatı o`zinin` sotsiallıq ekonomikalıq rawajlanıw da`rejesi boyınsha qa`liplesiw basqıshındag`ı tsivilizatsiyalar qatarında turadı. Sapallı ma`deniyatı esteliklerin izertlew jumısları 1969-jılı baslanıp, ha`zirgi waqıtqa shekem dawam etip atır. Arxeologiyalıq izertlewler Arqa Baqtriyadag`ı arxaikalıq da`wir qalalarının` kelip shıg`ıwı mashqalasın izertlewge aytarlıqtay du`zetiwler engizdi. Alıng`an mag`lıwmatlar b.e.sh. II mın` jıllıqtın` ekinshi yarımında Baqtriyanın` sotsiallıq ekonomikalıq rawajlanıwında burılıs da`wiri bolg`anlıg`ın bildiredi. Diyqanshılıq ushın og`ada qolaylı alaplarda ayırım elatlar og`ada u`lkeyip ketedi. Elatlardın` kelbeti ha`m o`zgeredi. Sapallı-tepa, Jarqutan aldın-ala du`zip shıg`ılg`an joba boyınsha qurılg`an. Sapalıtepenin` o`zi, Jarqutandag`ı saray, ibadatxana anıq geometriyalıq ko`riniske iye. Turaq jaylar ko`sheleri arqalı kvartllarg`a bo`lingen, elatlar qorg`anıs diywallarına ha`m da`rwazag`a iye. Bul endi jan`a tiptegi elatlar, yag`nıy erte qalalarg`a ta`n belgiler esaplanadı. Jarqutanda saray ha`m ibadatxana qaldıqları, gu`lalshılar kvartalı onın` qala wazıypaların orınlag`anın bildiredi. Standart formalarg`a iye ko`p sanlı joqarı sapalı gu`lal ıdıslar ha`m buyımlar diyqanshılıq qa`wimleri arasınan o`nerment-qa`nigeler bo`linip shıqqanlıg`ınan derek beredi. Gu`lalshılıq ha`m metall buyımlar zat almasıw-sawda ob`ektine aynalg`an dep aytıw mu`mkin.

Orta Aziyadag`ı sonın` ishindegi Qaraqalpaqstan aymag`ındag`ı «Altın depe», «Sapallıtepe», «Suwjarg`an», «Tazabag`jap», «A`mirabad» ma`deniyatları Qubla Araldın` Shıg`ıs aymag`ında «Tegisken», «Uyg`arıq» ma`deniyatları a`yyemgi babalarımızdın` etno-ekonomikasınan, ruwxıylıg`ınan derek beredi. Qubla Aral boyında o`zgeshe otırıqshı ha`m ko`shpeli

---

[1] А.Асқаров «Сапалıтепе» Т., 1973., 104-бет

qa`wimlerden qa`lipleskeni seziledi. Sonlıqtan bronza da`wirindegi xalıqlar quramalı bolg`anı arxeologiyalıq materiallar tolıq tastıqlaydı.

Diyqanshılıqtın` rawajlanıwı menen u`lken sem`yalıq ja`miyettin` sho`lkemler atalıq huqıq bekkemlenedi. Diyqanshılıq ha`m sharwashılıq penen shug`ıllanıwshılardın` arasında o`z-ara a`skeriy qa`wimlik siyasiy awqamlar qa`liplesedi. O`nermentshiliktin` awıl xojalıg`ınan beliniwinin` en` da`slepki belgileri baslanadı. Jeke menshik ha`m sotsiallıq ten`sizliktin` rawajlanıwına qolaylı jag`day tuwdırıladı.

Ayrıqsha turaq-jay tu`rlerinin` payda bolıwı (saray, ibadatxana, gu`lalshılar kvartalı), jerlew buyımlarının` ko`pligi boyınsha ajıralıp turatug`ın qa`birlerdin` bolıwı, son`g`ı bronza da`wirinde mu`lik ten`sizligi, mu`mkin sotsiallıq qatlamlasıwdın` baslang`anlıg`ı haqqında aytıw imkaniyatın beredi.

Ulıwma alg`anda joqarıdag`ı mag`lıwmatlar Arqa Baqtriyadag`ı erte qala ma`deniyatı ha`m ma`mleketshiliktin` jergilikli tu`p-tamırları haqqında aytıwg`a mu`mkinshilik beredi. Bul jerde erte qala ma`deniyatının` qa`liplesiwi ha`m klasslıq ja`miyetke o`tiw protsessi İranda ele Axemeniy ma`mleketi du`ziliwinen burın baslang`an. Bronza da`wirinde baslang`an bul jarayan erte temir a`sirinde a`skeriy ko`semler basqarg`an birneshe siyasiy birlespelerdin` payda bolıwına alıp kelgen. Axemeniy basqınshılıg`ı a`lleqashan baslang`an jergilikli ma`mleketshiliktin` qa`liplesiwi protsessine juwmaq jasaydı.

## Paydalang`an a`debiyatlar


1. И.Каримов «Тарихий хотирасиз келажак йўқ», Тошкент 1998 й.

2. Ислам Каримов «Еркин Қарақалпақстан» газетасы «Тынышлық ҳәм турақлылық – барлық табысларымыз бенен шеклеримиздиң тийкары» 11-май 2013-жыл., №58-саны

3. А.Асқаров «Сапалытепе» Т., 1973

4. А.А.Асқаров., Б.Н.Абдуллаев Жарқутан (К проблеме протогородской цивилизации на юге Узбекистана) Т., 1983

5. А.Аскаров Древнем земледел культура эпохи бронза юга Узбекистане Т., 1996 г.

6. А.Асқаров «Өзбекстан тарийхы» Т., 1996 г.

7. В.М.Масон «Первые цивилизация» Л., 1989 г.

8. В.М.Массон «Алтын депе» Л., 1981 г.

9. В.М.Массон «Экономика и социальной древних обществ» Л., 1976 г.

10. Ш.Б.Шайдуллаев «Северная Бактрия в эпоху раннего железного века» Т., 2000 г.

11. Я.Гулямов., У.Исламов., А.Аскаров «Первобытная культура в низовьях Зарафшана» Т., 1966 г.

12. В.И.Сарианиди Древние земледельца Афганистана М., 1977 г.

13. Хуф.Д., Ш.Б.Шайдуллаев «Некоторые результаты работ узбекского-германско экспедиции на городище Джаркутана» ИМКУ, вып. 30. Т., 1999 г.

14. Т.Ш.Ширинов Орудия производство оружие эпоха бронзы средне-азиатского междуречья Т., 1986 г.

15. Т.Ш.Ширинов Средняя Азия во II тысячилетие д.н.э. протозарастризма НМКУ Т., 2000 г.

16. А.Аскаров., Т.Ш.Ширинов «Ранняя городская культура эпохи бронза юга Средней Азии» Самарканд, 1993 г.

17. Н.А.Аванесова., Н.Ташпулатова Символика культуры

18. Б.Х.Матбабаев Локальные варианты чутской культуры Ферганы. Автореф.дисс.канд.истр.наук. Л., 1985 г.
19. С.П.Толстов О землях древнего орошения в низовьях Амударьи и Сырдарья и возможности их освоения
20. Г.Ф.Каробкова «Каменные и костяные орудия труда из экономических поселений Южной Туркменистан» ИАН ТССР, Наука 1964 г.
21. С.П.Толстов «По древним дельтам Окса и Яксарта» М., 1962 г.
С.П.Толстов «Древний Хорезм» М., 1948 г.
22. М.Мамбетуллаев., М.Туребеков «Қубла Арал бойы халықлары тарийхынан» Нөкис., 1998 ж.
23. Ж.Кабулов., А.Сагдуллаев Ўрто Осиё археологияси Т., 1990 й.
24. А.В.Виноградов Древние охотники и Рыбаловы среднеазиатской междуречья М., 1989 г.
25. Я.Г.Гулямов «История орошения Хорезма с древнейших времен до наших дней» Т., 1957 г.
26. «Қарақалпақстан тарийхы» 1-ТОМ Нөкис., 1975 ж.
27. История народов Узбекистана Т., 1992 г. I-том
28. Б.Г.Гафуров «Таджики, древнейшая, древняя и средневековая истории» М., 1972 г.
29. М.А.Итина История степных племен Южного Приаралья М., 1972 г.
30. Б.В.Андронов Древние оросительные системы Приаралья М., 1969 г.
31. А.Исаков Хорезм Душанбе 1991 г.
32. М.Ш.Қыдырниязов Орта Азия археологиясы Н., 2002 ж.
К.А.Крахмаль Древний каменный век Ферганы Самарканд., 2004 г.
33. М.Джуракулов Самаркандская стоянка и проблемы верхного палеолита в Средний Азии. Ташкент., 1987 г.
34. Г.Хожаниязов «Фортификация древнего Хорезма» Нукус., 1995 г.
35. Авесто Асқар Махкам аўдармасы Ж. «Санъат»., 1991 ж., №5.
36. В.В.Бартольд Иран Истор. обзор Т., 1928 г.

37. М.Мамбетуллаев., О.Юсупов «Қарақалпақстан тарийхы» 1-китап Нөкис., 2002 ж.
38. В.М.Массон «Средняя Азия и древний Восток» М-Л., 1964 г.